21. Meh kedhik kena ing cidra,
silip saking ngawiyati,
Patih Jedhi Purwakandha,
andingkik arsa njemparing,
awas Sang Raja Putri,
andhingini mungsuhipun,
kacundhuk ing sanjata,
netra kadi den sujeni,
udhunipun arsa ngejogi palana.
22. Nedy a sampyuk ing ngayuda,
tibane dipun tampeni,
cinandhak patih kabanda,
dening Putri Burudangin,
kemate tanpa dadi,
karoncalan mboten ucul,
agung amatak kemat,
amarkungkung pijer njengking,
sinawatan tiba amarwaseng mengsah.
23. Eram kang sami miyarsa,
pangungunira ing batin,
Sudarawreti ngandika,
nyata banget bocah becik,
Putri ing Burudangin,
sembada lawan lokipun,
bentet tan ana gothang,
nora mesthi madal sumbi,
iya mangsa bodhowa tinohan pejah.
24. Yata malih matur sembah,
Rekyana Patih Bunandir,
sakasoripun punika,
Sang Prabu Mutadarawi,
ngambil srayane prapti,
ing Betarti Ratu Agung,
prakosa sugih bala,

nama Prabu Kulibadir,
nanging dereng prapta nagari Lulkiyah.

25. Dene Jeng Raka Paduka,
aneng guwa siyang ratri,
gerahe dereng waluya,
miwah kang para narpati,
nanging sagunging baris,
sampun wonten asrepipun,
sasat Paduka tengga,
wonten Putri Burudangin,
pan wus sami kalawan Paduka tengga.
26. Nging maksih sami karuna.
sambating para prajurit,
Paduka lami tan prapta,
nadyan Putri Burudangin,
angayap siyang latri,
rawuh Paduka Pukulun,
malah indhaking warta,
agung nangis Isnaningsih,
ngipi-ipi angajap rawuh Paduka.
27. Mesem Dyah Retna Sudara,
yayi Sirtupelaeli,
apa ingkang karepira,
Raja Putri Burudangin,
dene kapati-pati,
angayap ing praptaningsun,
apa ta maksih wegah,
mungsuw wong Mutadarawi,
nembah matur Raja Putri ing Karsinah.
28. Kang Mbok mboten yen punika,
watawise Isnaningsih
putri adi mandraguna,
mangsa kewrana ing tandhing,
lumaku den sekseni,

wetuning prawiranipun,
kedah tuwan abena,
suka Paduka njenengi,
yen tan wonten Paduka pan masih taha.

29. Den akena wong sajabat,
putrine wong Burudangin,
yen dereng kauningana,
ing Paduka masih sedhah,
benjang lega kang ati,
yen sampun Paduka jangkung,
angalema sakedhap,
dadi menthele tyas neki,
dadya jimat paripih madyaning papan.

30. Gumerah kang sami myarsa,
ngandika Sudarawreti,
bisa temen ngumpak-umpak,
sira iku yayi Dewi,
kang rayi anauri,
lah punapa etohipun,
yen mboten makatena,
para putra anauri,
pan kawula tumut Jeng Ibu Karsinah.

31. Kendel prasamya dhadharan,
para putra ibuneki,
Retna Kadarwati prapta,
ngandika Sudarawreti,
dandana sira Nini,
payo tinjo wong tuwamu,
kena pamangiling prang,
mungsuhe wuwuh kang prapti,
Sri Kasrukum iku ratu ing Kosarsah.

32. Kang putra matur sandika,
mboten ambekta prajurit,

priya ingkang pra dipatya,
miwah kang para narpati,
kalorehen ta Nini,
anggawa prajurit agung,
mung loro bapakira,
ing Suwangsa Jonggiraji,
iku dhenok kang rumekseng maring sira.

33. Ing tingkah datan kawarna,
ing dalu angkatireki,
saking nagari Kuparman,
sira raja putri kalih,
katiga Kadarwati,
lan pawongan patangpuluh,
sami napak gagana,
kuneng kang lagya lumaris,
kawuwusa kang sampun siyageng bala.
34. Budhal saking prajanira,
sira Raja Kulibadir,
gumuruh swaraning bala,
kerig prajurit Betarti,
satriya pra dipati,
tuwin para ratu-ratu,
wadya yutan mbalabar,
ing marga pan sampun lami,
praptanira jajahan ing Purwakandha,
35. Sira Raja ing Kosarsah,
lan Rajeng Mutadarawi,
methuk lampahe duk prapta,
sira Raja Kulibadir,
amiyak bala aglis,
lumajeng bala Kasrukum,
Rajeng Betarti tedhak,
mengkul pada anungkemi,
Sanga Prabu Kosarsah sami karuna.

36. Sanga Prabu Purwakandha,
 tur sembah langkung minta sih,
 nulya Sang Pabu Nusirwan,
 ingaturan sampun prapti,
 panggih Rajeng Betarti,
 Kulibadir wus atundhuk,
 tata suka panggihnya,
 lawan Prabu Nyakrawati,
 anambroma ratu agung pinituwa.
37. Rajeng Betarti ngaturan,
 manjinga Mutadarawi,
 nanging sang nata tan arsa,
 yayi katemu ing wuri,
 prasetyanira yayi,
 iku dudu niyatingsun,
 pan ingsun nedya aprang,
 ngendi nggoning wong ajurit,
 payo banjur maring barisan mucunga.

XXXIX. WONG AGUNG ANGSAL PANGAPUNTEN

PUCUNG

1. Sampun laju wau sagung para ratu,
 lawan bala kuswa,
 prapta barisan ing nguni,
 tangkep malih angepung baris Lulkiyah
2. Balanipun dereng telas kang lalaku,
 pan sadina-dina,
 praptane bala Betarti,
 wetan kutha nggening kuwu para raja.
3. Kulon kidul lawan lor amung anuduh,
 bupati kewala,
 sira Raja Kulibadir
 akasakan andina neng pasanggrahan.

4. Tan kawuwus para ratu kang angepung,
gantya winursita,
jro kitha sampun miyarsi,
lamun prapta bantune Raja Kosarsah.
5. Ratu agung Betarti kadhatonipun,
bisikaning nata,
sira Raja Kulibadir,
sugih bala mandraguna ing ngayuda.
6. Lingira rum Tasangsulngalam Sang Prabu,
para anakingwang,
yen uwis waluya mami,
lah ing kono sun turut sakarsanira.
7. Marmanipun para raja-raja sunu,
tiwasa satunggal,
sayekti insun belani,
nora ngimpi yen nedyaa kari waras.
8. Dening mungsuh inguwuh pra ratu sewu,
apanggawe susah,
jer dhewek tiba basuki,
mungsuh ika matia mati duraka.
9. Yata wau eca para raja sunu,
katendhagan pangan,
kinerig wong Burudangin,
saisine ginawa maring Lulkiyah.
10. Yata wau Wong Agung ingkang winuwus,
denira neng guwa,
sampun manjing kawan sasi,
Raja ing Lulkiyah kinanthi jro guwa.
11. Kang ingutus wira-wiri mung puniku,
wau ingkang prapta,
apuranira Hyang Widhi,
praptanira Nabi Kilir aneng guwa.

12. Adhadhawuh ngemban apureng Hyang Agung,
ambekta usada,
apanjang kadi godhong pring,
warni ijo pan kadi ijoning sutra.
13. Praptanipun asalamungalaikum,
ingsun ingkang prapta,
nggawa parmaning Hyang Widhi,
pan kagawa iki dhaun kang usada.
14. Eyangamu iya Nabi Kilir ingsun
Wong Agung anyandhak,
ing pada sarwi nungkemi,
ingusapan kang netra sampun waluya.
15. Alon matur heh Nabinireng Hyang Agung
yen amba waluya,
inggih badan amba siji,
lamun sanak amba iki para nata.
16. Mboten antuk apuranira Hyang Agung,
amba belakena,
anglabuhi lara pati,
sru gumuyu iya kabeh ingapura.
17. Baya iku usapena netranipun,
kabeh sanakira,
para ratu ingkang sakit,
wus tinampan Nabi Kilir nulya musna,
18. Langkung ngungun Wong Agung nimbali gupuh,
mring Rajeng Lulkiyah,
majeng ngandika Sang Amir,
endi guwa kang den nggoni yayi emas.
19. Sampun dalu Ardabil suka kalangkung,
mulat mulyanira,
Wong Agung Surayengbumi,
sareng medal mring guwane Arya Maktal.

20. Buka tutup ya sapa kang arsa masuk,
marani nggoningwang,
nauri raja Ardabil,
pan kawula ndherekken raka paduka.
21. Lingira rum yayi wus ana pitulung,
endi netranira,
ingsun usapane yayi,
dyan ingusap godhong kulirin waluya.
22. Sigra ngrangkul ing padanira Wong Agung,
langkung sukur ing Hyang,
ngandika Sang Jayengmurti,
sira yayi mringa guwane Marmaya.
23. Kaya iku mau ing pangusapingsun
marang netranira,
lah iki godhong kulirin,
lan asparin usadane mata wuta.
24. Sigra njujug Wong Agung andhodhog pintu,
Umarmaya tanya,
sapa ingkang ndhodhog kori,
anauri Wong Agung ing Tambakretna.
25. Kakang ingsun Ki Umarmaya angulung,
apa karyanira,
Arya Maktal lingira ris,
apan arsa ngusadani netranira.
26. Ariningsun iya kene den agupuh,
tatambane apa,
ya iki godhong kulirin,
mung salemba warna rupa walikira.
27. Walikipun kulirin usadanipun,
iki wong lilima,
ingkang sawalik asparin,
usadane iya kabeh para nata.

28. Yata sampun ingusapan netranipun,
Umarmaya waras,
kakang mas parakna iki,
usapena yayi Tamtanus netranya.
29. Ingsun wangsul marak ing ngarsa Wong Agung,
aneng guwaningwang,
Ki Umarmaya lumaris,
mring guwane Prabu Tamtanus ing Yunan.
30. Ndhodhog pintu tatanya Prabu Tamtanus,
iya iku sapa,
marani mring enggon mami,
iya ingwang kakangira Umarmaya.
31. Iya ingsun kang nggawa tamba pinunjul,
pan saking wong Menak,
godhong kulirin asparin,
kang kulirin iki tambane wong lima.
32. Walikipun asparin arane iku,
sagung para nata,
ingkang anduwe sawalik,
kang sawalik amung wong lima balaka.
33. Yata gupuh ingusap Prabu Tamtanus,
netrane waluya,
ing Dipati Guritwesi,
yayi mringa ing guwane Nateng Kebar.
34. Den agupuh kulirin usapna iku,
Tamtanus anulya,
mring guwane Yusupadi,
ndhodhog lawang kang marene iku sapa.
35. Gya sumaur sira Sang Prabu Tamtanus,
ingong yayi prapta,
ingusap netranireki,
wus waluya Prabu Yusupadi Kebar.

36. Sareng laju katiga Umarmayeku,
marang guwanira,
Wong Agung Parangtejeki,
panggih lawan Wong Agung Surayengjagat.
37. Praptanipun ingkang bubur sur babanyu,
den jenang kalawan,
winoran daginging kambing,
eca sami dhadharan Wong Agung lima.
38. Sawusipun Sang Nateng Kebar tinuduh,
marang jroning praja,
anim bali para aji,
ya kang godhong asparin ingkang binekta.
39. Praptanipun anjujug Prabu Lamdahur,
lawan Umarmadya,
kinumpulken para aji,
ingusapan sadaya kang para nata.
40. Ing ronipun asparin waluya sampun,
enggar para raja,
angajap tempuh ing jurit,
pan Wong Agung sigra kondur angadhatyan.
41. Garwanipun wus apanggih kalihipun,
samyang neng karuna,
Kisbandi lan isnaningsih,
Rajeng Burudangin tinamban Marmaya.
42. Apan sampun waluya kadya rumuhun,
Ardabil tur priksa,
yen mungsuh bantune prapti,
kulibadir Betarti ratu prakosa.
43. Dhatuk Tartus pinanggihken lan Wong Agung,
nenggih aturira,
wau Ki Kakim Waridin,
Gusti Tuwan amengsah lan ratu kemat.

44. Yekti patut andhingini aprang pupuh,
sampun kongsi ndadra,
kemating prang dimen mati,
aprasasat Paduka mbandhemi setan.
45. Mboten siku mboten batalken Pukulun,
ing sambil Paduka,
Wong Agung suka miyarsi,
iya Kaki pelingmu pangestunira.
46. Mbesuk esuk Raden Putra Raden Buyut,
dimen mijil ing prang,
rayinta ing Burudangin,
anjenengi yudane buyut lan putra.
47. Pan Wong Agung sukeng wardaya anurut,
iya yen mangkana,
anandhak mungsuh kang prapti,
nanging sira aja kilap ingunduran

XL. RAJA KULIBADIR PEJAH DENING RADEN ARISMUNANDAR

DURMA

1. Tan kawarna ing dalu wuwusen enjang,
munya kendhang gong beri,
tengara gumerah,
thongthonggrit lawan gurnang,
kikirab sagung prajurit,
berag ing aprang,
daledeg baris mijil.
2. Retna Dewi Isnaningsih wus siyaga,
sagung prajurit estri,
samekteng ngayuda,
Raden Arismunandar,
lan Raden Asimkatamsi,

mangka manggala,
lan ibu anjenengi.

3. Amiranti ing papan baris kalangan,
mung para raja siwi,
barise kang medal,
sagung para narendra,
datan wonten kang umijil,
ing kang sarira,
ing ayem-ayem sami.
4. Miyos munggeng dipangga palana lawak,
Sang Prabu Burudangin,
saparajuritira,
manggung aneng dipangga,
sira Ki Kakim Waridin,
saratinira,
mangkana mungsuh mijil.
5. Ambelabar baris Betarti Kosarsah,
baris Mutadarawi,
atepung kalangan,
Raden Arismunandar,
amit miyos ing ngajurit,
nitih turangga,
kawot kaprabon jurit.
6. Prapteng rana turangganira mandhapan
surak gumuruh atri,
amanggung dipangga,
Rajeng Betarti nglela,
anjenggarang Kulibadir,
Rajeng Kosarsah,
Rajeng Mutadarawi.
7. Sira Prabu Nusirwan atitimbangan,
lan Prabu Kulibadir,
matur Patih Bestak,

Pukulun Maha Raja,
Paduka dipun bocahi
lan winadonan,
kang sepuh mboten mijil.

8. Asusumbar Rahaden Arismunandar,
rebuten ingajurit,
si Arismunandar,
lah kene metonana,
endi Ratu ing Betarti,
tandhing prawira,
metua Kulibadir.
9. Yata wau kang lagya saking gagana,
Putri ing Parangakik,
lan Putri Karsinah,
jangkung luhur paprangan,
lan Kusuma Kadarwati,
awas tumingal,
kang metu ing ngajurit.
10. Kawistara sumbare Arismunandar,
heh Nini Kadarwati,
awasna ta ika,
aran Arismunandar,
putumu anake iki,
si Ibnungumar,
mengko yen diwetoni.
11. Nora nistha ing ngayuda dhinginana,
ratu awatak eblis,
wau kudanira,
mubeng sarwi mandhapan,
suwe nora den wetoni,
dening rarenya,
sagede ing turanggi.
12. Sebat-sebut gadane agung binuwang,

silem aneng wiyati,
tibane cinandhak,
parisanya binuwang,
kadya ulung namber pitik,
eram kang mulat,
wiraganing kang jurit.

13. Amung Rajeng Betarti ingundhamana,
metua Kulibadir,
de padha prawira,
ratu dahwen ta sira,
tutulung wong soring jurit,
kudu ta sira,
nguripaken wong mati.
14. Lingsem sanget lamun iku anuduha,
dudu kang den sumbari,
manawa tinarka,
kecil ati ing mengsah,
dadya Raja Kulibadir,
mangsah ing aprang,
njenggarang munggeng esthi.
15. Yata obah wau ta dipangganira,
Putri ing Burudangin,
saprajuritira,
ngetrapken kendhengira,
miyat Putri Parangakik,
yayi Karsinah,
dulunen Isnaningsih.
16. Pratikele wus wignya ngadoni yuda,
tuhu putri prajurit,
ayeme prayitna,
santosa miyat lawan,
wau Raja Kulibadir,
prapteng payudan,
surak gumuruh atri.

17. Wus apanggih lan Raden Arismunandar,
lir singa mungsuh esthi,
kang ibu tabtaban,
ngadeg aneng palana,
cinandhak lawan kang bibi,
sira lungguha,
aja angetarani.
18. Kaya dudu tingakahe trah jayamrata,
sarati anambungi,
leres ibu ndika,
puniku baris Ngarab,
muntab kang baris turanggi,
wau duk miyat,
ndika ngadeg neng esthi.
19. Kang ayuda Kulibadir atatanya,
sapa ranmu prajurit,
liwat saking bocah,
balungmu misih renyah,
kudu meksa prang lan mami,
Arismunandar,
namaningsun prajurit.
20. Iki Anak Prabu Sayid Ibungumar,
putraning Maryunani,
prawira digdaya,
iya kabuyut marang,
Wong Agung Surayengbumi,
pan ibuningwang,
ni Jetun Kamarukmi.
21. Atmajane Sang Prabu Tasangsulngalam,
Ratu gung Burudangin,
iya apa sira,
srayane wong Kosarsah,
Narendra saking Betarti.

apa kang nama,
Sang Raja Kulibadir.

22. Iya iki ingkang sira undhamana,
dening liwat sireki,
beka kudu ngajak,
aprang lawan wong tuwa,
yen nora winetonan pasthi,
agawe ojat,
ratune wong Betarti.
23. Sunumbaran nora wani magut ing prang,
tetep ratu anyupris,
kecil ati nyata,
pasthi mangkana padha,
kang ngucap maringsun iki,
heh payo bocah,
apa aneng sireki.
24. Anauri Rahaden Arismunandar,
ratu mamak sireki,
apa tan miyarsa,
lamun prange wong Ngarab,
dudu carane dhingini,
gumuyu suka,
Sang Raja Kulibadir.
25. Yata wau kang anjangkung saking wiyat,
Putri ing Parangakik,
marma mring kang wayah,
Raden Arismunandar,
geret menthang kang jemparing,
ingarah-arrah,
nanging bedhore ranti.
26. Pan sikute Kulibadir kang ingarah
sedheng mengko yen bindi,
jimpea kewala,

wau ta kang ayuda,
angling Raja kulibadir,
lah den prayitna,
sangganen ingajurit.

27. Ibunira Rahaden Arismunandar,
Ni Jetun Kamarukmi,
langkung saking maras,
megeng datan ambekan,
kang putra arsa binindi,
lagya ingayat,
mring Raja Kulibadir.
28. Kebatira Retna Sudarawretika,
lumepas bedhor ranti,
sikute kang kena,
cumeples saking wiyat,
sira Raja Kulibadir,
gadane gical,
kagyat Rajeng Betarti.
29. Menthang malih langkape Retna Sudara,
mindho kang bedhor ranti,
sikute kang kiwa,
cumeples paris gical,
umatur Kakim Waridin,
Tuan awasna,
putra Tuan ing jurit.
30. Gadanipun mengsahe punika gical,
parise tibeng siti,
punapa kang mawa,
Paduka den waspada,
angling Sang Retna lan bibi
heh Kaki sapa,
pakaryane nulungi.
31. Tingalana mendhung ngarompol ngawiyat,

gumebyar kadi thathit,
nyamating makutha,
ingkang garudha yeksa,
nenggih dipun makuthani,
inten samaja,
gengipun ing hergeni.

32. Inggang lirap-lirap siyunging garudha,
ingkang kumilat putih,
mutyara kinarya,
nglapis siyung garudha,
pitung dhepa panjangneki,
siyung garudha,
sinopak mas sinangling.
33. Kukuning garudha kinathok mas samya,
rukmi sinangling-sangling,
buntu ting garudha,
rinawisan kumala,
jumerut sami inganggit,
mila prabanya,
lir lintang sewu riris.
34. Titihane Sang Retna Dewi Sudara,
Putri ing Parangakik,
kang subageng jagat,
punika lagi prapta,
jangkung ing wayah kuwatir,
denira aprang,
mengsah Ratu Betarti.
35. Kang anibakaken ing gada punika
panah bedhore ranti,
mesat sawidara,
sikute kang tiniban,
kiwa tengen sami keni,
ing panah gandar,
mila tiba kang bindi.

36. Kang parisaniipun sami kapalesat,
sikute Kulibadir,
keni panah gandar,
milane kicat-kicat,
wau Raja ing Betarti,
ngungun miyarsa,
Kusuma Burudangin.
37. Duk tumenga katon ingkang gebyar-gebyar,
Kusuma Burudangin,
anembah tumenga,
nembah sirna manira,
ing pakoleh taklim batin,
alon tatanya,
Kusumeng Burudangin.
38. Kaki apa kang wira-wiri punika,
maring ing kanan kering,
nuli maring ngarsa,
wangsul ngering anganan,
cumalorot njebul wuri,
bali inring ngarsa,
kilate kilat wilis.
39. Pan punika Raja Putri ing Karsinah,
Ni Sirtupelaeli,
ngampingi kang raka,
prange Retna Sudara,
milanipun wira-wiri,
Putri Karsinah,
trombolan den jagani.
40. Inkang kilat-kumilat inggih punika,
Peksindra Sahomahi,
pan titihanira,
Putri adi Karsinah,
saandaka wulu wilis,

pan kadi merak,
Peksindra Sahomahi.

41. Inggih sami kuwatir yudaning wayah,
mila sami mayangi,
tan adangu ana,
cumlorot saking wiyat,
anjog ing palana rukmi,
kabruk tur sembah,
ing Putri Burudangin.
42. Arsa tinedhakan selak atur sembah,
Kusuma Kadarwati,
ndekunge prayoga,
respati tembungira,
ibu kawula tinuding,
raka Paduka,
Jeng Ibu Parangakik.
43. Sampun kaget sampun ewah ngen paduka,
njenengi ing ngajurit,
pan pinrih ramea,
yudane ingkang wayah,
tinonton saking wiyati,
ndheku sandika,
Sang Putri Burudangin.
44. Mesem nembah Kadarwati sigra mesat,
Kaki Kakira Waridin,
iki mau sapa,
nembah nring ingsun iya,
manise sundhul wiyati,
raga karana,
pantes temen wong iki.
45. Alon matur punika putra Paduka,
Pangeran Kaelani,
ingkang darbe garwa,

pan inggih tatariman,
saking Ibu Parangakik,
kang darbe tawan,
Putri adi Kubarsi.

46. Atmajane Wrahatbari ratu gagah,
Maliyatkustur nenggih,
kadang ingkang tuwa,
Wrahatkustur taruna,
ibune Patani burni,
putrining buta,
kasoran ing ngajurit.
47. Milanipun tinawan raka Paduka,
Putri ing Parangakik,
tuhu moncol ingrat,
prawira mandraguna,
putri sekti bisa laki,
marune samya,
sadaya wedi asih.
48. Kang ayuda Rahaden Arismunandar,
ningali mungsuhneki,
gadane malesat,
kendel kadung kewala,
angling Raja Kulibadir,
mara nggadaa,
aja meneng sireki.
49. Kapihare yen ingsun nganggoa gada,
Arismunandar aglis,
mrepek muter gada,
sirahe kang dipangga,
ginada ajur ngemasi,
tiba kalumah,
Sang Raja Kulibadir.
50. Ngathang-athang tangi-tangi nora bisa,

cape astane kalih,
anulya cinandhak,
maring Raden Munandar,
tinarik sampun katarik,
den ikal-ikal,
dangu neng astaneki.

51. Malah tinon ing mungsuh eram tumingal,
kuwate anglangkungi,
kadya ngikal merang,
sagedheng tan karasa,
sigra binanting ing siti,
mustaka pecah,
bau pukang manguwir.
52. Kadi guntur surake kang bala Ngarab,
mila kempa kang jurit,
dene ratunira,
nuli apes kang yuda,
bubar barising para Ji,
angelun dhadhal,
marang Mutadarawi.
53. Ngungsi kitha sagung ingkang para raja,
Kasrukum Samasrawi,
tuwin Sang Nusirwan,
lan kabeh pra dipatya,
sagung para raja siwi,
angatag wadya,
ngusir bubaring baris.
54. Mawur mawurahan samya salang tunjang,
Putri ing Parangakik,
nenggih sampun tedhak,
lan rayi ing Karsinah,
mulat Putri Burudangin,
sigra tumedhak,
saking dipangga nuli.

55. Malajengi ing raka nungkemi pada,
myang Jetun Kamarukmi,
samyang nguswa pada,
gantya Putri Karsinah,
sinembah ing putri kalih,
ngawe kang putra,
Arismunandar prapti.
56. Anembaha enggal marang eyangira,
sigra denya ngabekti,
rinangkul mring eyang,
ingaras kang mustaka,
kulup iki buyut mami,
Arismunandar,
metu prawireng jurit.
57. Paparentah ing Gusti Retna Sudara,
karuhna mungsuh iki,
yayi anuduha,
marang punggawanira,
nunggala lakune yayi,
lan para putra,
jer sira senapati.
58. Samengko pan uyun-uyunaning bala,
kabeh barisan iki,
sira kawruhana,
manawa pinariksa,
tur sembah Ni Isnaningsih,
inggih sandika,
nuduuh kapat bupati.
59. Tan kawarna ing marga ingkang lumajar,
sadalu marga prapti,
lajeng manjing kitha,
tutup saketheng samya,
lareno wus den iseni,

punggawanira,
ing panggung den jagani.

60. Palatare tinuguran pra dipatya,
ratu katiga nunggil,
Kasrukum Nusirwan,
sami aneng jro pura,
barise pra putra sami,
prapta met papan,
kinepong binathithit.
61. Ingkang eler putra Serandil kalawan,
raja putra Kohkarib,
wetan putra Kebar,
lawan putra ing Kangkan,
kilen putra ing Ngabesi,
lawan Yujana,
kidul putra ing Turki.
62. Lawan putra Yunan gantya kawuwusa,
Retna Sudarawreti,
lan Putri Karsinah,
manjing maring jro kitha,
kering Putri Burudangin,
lawan kang putra,
Kusuma Kadarwati.
63. Raden Asimkatamsi Arismunandar,
samy tumut angiring,
praptaning nagara,
lajeng manjing jro pura,
Wong Agung Surayengbumi,
methuk ing garwa,
tumundhuk aneng wijil.
64. Pan sadaya wus binakta dalem tengah,
katur solahing jurit,
suka duk miyarsa,

Wong Agung tutur tingkah,
mring kang garwa Parangakik,
duk aneng guwa,
lamine kawan sasi.

65. Waluyane tedhak aparing usada,
Kangjeng Bagendha Kilir,
godhong siji nama,
roro lan roro rupa,
ijo pan ingkang sapalih,
suwalik apan,
kuning anyutra kuning.
66. Ron kulirin lawan asparin namanya,
sawusnya mulya sami,
punang dhaon sirna,
ngungun kang winartanan,
prapta Sang Raja Ardabil,
atur uninga,
praptane duta kalih.
67. Tur tupiksa yen sampun angepang kitha,
nenggih Mutadarawi,
para raja putra,
dene ratu katrinya,
ngumpul aneng jroning puri,
lagya ngupaya,
paekaning ngajurit.
68. Aturipun sira Sang Rajeng Lulkiyah,
yen kendelna manawi,
antuk sulap anyar,
ngroronce pagawean,
adat Prabu Samasrawi,
miwah Kosarsah,
sami kasmaran sikir.

XLI. WONG AGUNG NGLURUG DHATENG PURWAKANDHA (MUTADARAWI)

ASMARADANA

1. Wong Agung Surayengbumi,
parentah samekteng bala,
mring Purwakandha budhale,
sanega sagunging bala,
kang para raja-raja,
saking Lulkiyah wus kebut,
tan ana kari satunggal.
2. Sagarwa putra tan kari,
ing marga tan kawursita,
ing Purwakandha praptane,
sampun manggih pasanggrahan,
lami mangkya rinengga,
binanjengan tarub agung,
wisma geng kathah wewahnya.
3. Sang Rajeng Mutadarawi,
lawan Sang Rajeng Kosarsah,
Rajeng Medayin wus dene,
tan ana kang tinaria,
Sang Prabu Purwakandha,
amung Sang Prabu Kasrukum,
patihe kena ginrap.
4. Kang taksih kenit tinari,
amung kya Patih Buwawas,
maksih kenceng ing pikire,
ratu yen ajriha ing prang,
sayekti ngemat jagat,

sampun pakaryaning ratu,
prang lan sameng-sameng raja.

5. Kalamun nungkula aris,
apan dereng wonten adat,
sayekti ngadu awake,
puniku tetep sahadat,
yen dereng adu awak,
tan kenging nulia nungkul,
saengga sadereng aprang.
6. Punika nungkula aris,
mboten benggang ing akrama,
ratu pan wus pakaryane,
aprang lan samanika raja,
alon denya ngandika,
sira Sang Prabu Kasrukum,
heh sira Patih Buwawas.
7. Apa ta maksih kadugi,
paekan upayaning prang,
numpesa wong Ngarab kiye,
sakehing paekan sirna,
yen mungsuh lan wong Ngarab,
yen wis katog ing budimu,
yekti nulya ngadu awak.
8. Buwawas matur wotsari,
Gusti kalamun bambana,
inggih kadugi ngupados,
nanging kawula punika,
tan kenging ngupadosa,
inggih sampun untung kontung,
wong sampun binaya mangap.
9. Kawula pan darbe padik,
ratu geng ing Kalakodrat,
ratune lan prajurite,

tan keni ndulu wong liya,
lajeng binadhog samya,
wong siji ndulu wong sewu,
tan kewran pasthi kapangan.

10. Sang Raja Salsal nameki,
atmajane Raja Daldal,
ing mangke sanget kasompok,
mboten kena budidaya,
liyane aben awak,
Patih Talsiyah puniku,
mbok saged mamet upaya.
11. Puniku kang mamarahi,
anggawa Prabu Nusirwan,
mangkya ingetog budine,
kalawan Ki Patih Bestak,
lara angajak-ajak,
sami nangis ting salenggruk,
Patih Talsiyah lan Bestak.
12. Angling Prabu Samasrawi,
pikir kang sampun kaliwat,
sayekti datanpa gawe,
balik samangke kewala,
kakang Patih Buwawas,
dika punapi ta saguh,
lamun ing kene maksiha.
13. Patih ingsun Patih Jedhi,
pan ingsun maksih polatan,
Patih Jedhi kacekele,
ing mangke kinarya rewang,
mring Sang Surayengjagat,
Patih Buwawas umatur,
amung ta pikir satunggal.
14. Puniku saged basuki,

manawa liyan punika,
pikir teluk mati bae,
lamun ajrih maring pejah,
pasthi teluk kewala,
lamun datan purun teluk,
yekti yen mati kewala.

15. Pira bara yen aurip,
aprang mungsuh lan wong Ngarab,
sugih dandanan pasthine,
becik-becik lan akathah,
lang wadon dandanan,
tekan bocah misih kuncup,
bisa amateni raja.
16. Patine Rajeng Betarti,
dene liwat tan sembada,
mungsuh lare lagi jedheng,
Raja Kasrukum lingira,
pikirmu mau ika,
iya kang tiba rahayu,
kaya priye maucapna.
17. Patih Buwawas wotsari,
pikir kang tiba raharja,
sayekti angesrahake,
dhateng rama Jeng Paduka,
Sri Bathara Nusirwan,
punika ing purwanipun,
wonten prang wonten prakara.
18. Mboten wonten malih-malih,
yen Paduka labuh pejah,
ing rama tuwan Sang Katong,
sayekti mijila ing prang,
kawon menang wikana,
pikir mupus untung kontung,
wajib budining narendra.

19. Wong Agung Surayengbumi,
dedege apan pideksa,
bangsane alit tegese,
dede bangsane agagah,
mboten geng luhur mapan,
ageng Paduka Pukulun,
kalawan luhur Paduka.
20. Kalamun tuwan kalihi,
kang jamak ing jamak rumat,
Nusirwan adhem atine,
wau atine wus ilang,
ngririntih dereng bisa,
angucap sabeneripun,
agung dhogdhogan kewala.
21. Ulate asawang mayit,
mangkya salin gunem samya,
nutugen pikir karaton,
ing dalu wuwusen enjang,
tengara bala Ngarab,
wus mijil kang baris bubul,
ler kitha kang winedalan.
22. Wong Agung Surayengbumi,
wus amit ing para garwa,
mijil paprangan samangke,
prapta ing papan wus lenggah,
ing padma dirgasana,
aglar sagung para ratu,
wau kang aneng jro kitha.
23. Parentah baris metoni,
kori saketheng binuka,
baris ndaledeg wijile,
Sang Prabu katri Nusirwan,
mijil maring paprangan,

barise sampun atepung,
munggeng papalangan emas.

24. Nanging bala ing Medayin,
enjing mila ingundhangan,
adandana wowotane,
lawan sagunging pikulan,
wau ta kang ayuda,
tedhak Sang Raja Kasrukum,
lawan Prabu Purwakandha.
25. Mider ing papan sisirig,
nanging datan asusambar,
sami prayoga tandange,
neng kuda amandhi gada,
Wong Agung angandika,
heh Ardabil sapa iku,
kang metu ababarengan.
26. Rajeng Lulkiyah wotsari,
kang anitih kuda janjan,
pun Samasrawi yektine,
Mutadarawi narendra,
kang nitih kuda pethak,
ingih Sang Raja Kasrukum,
mesem Wong Agung ngandika.
27. Kuda sumaos ing ngarsi,
Wong Agung miyos ngayuda,
sagung gagaman prang kabeh,
wus kawot aneng turangga,
nitih sekar duwijan,
praptaning payudan pangguh,
lan sang Prabu kalih pisan.
28. Erek angiter turanggi,
durung ana kang tatanya,
gumuruh bala surake,

kadya ampuhan ing ngarga,
mungsuw kalawan rowang,
kang ayuda ngiter pagut,
tan ana bisa mundura.

XLII. RAJA KASRUKUM PEJAH DENING WONG AGUNG

DURMA

1. Tatanya sru Wong Agung Surayengjagat,
heh Rajeng Samasrawi,
lawan ing Kosarsah,
payo padha ayuda,
ing prawira rebut pati,
nauri sugal,
sapa aranireki.
2. Apa sira iki ta si Kakungingrat,
ya ingsun Jayengmurti,
saksana ginada,
dening Rajeng Kosarsah,
pinupuh titih katangkis,
winales ngarsa,
Prabu ing Samasrawi.
3. Pan anggada saking ing keru katulak,
sinampe sami bindi,
rame yudanira,
angrubut kalihira,
ginada Sang Samasrawi,
tiba kasingsal,
saking kudanireki.
4. Sira Raja Kasrukum ginada kontal,
tibanira kuwalik,
tedhak saking kuda,

sigra Sang Kakungingrat,
petak sarwa ciptanapi,
wujud sajuga,
gumludhug ing wiyati.

5. Raja kalih kapileng sampun cinandhak,
Samasrawi binanting,
sumyur ing bantala,
mumur kalawan kisma,
Kasrukum binanting malih,
luluh angganya,
amor kalawan bumi.
6. Sira Patih Buwawas arsa niyupa,
nyidra saking wiyati,
wau kebatira,
Raden Ayu ing Kelan,
anjemparing saking kering,
terus walikat,
Buwawas angemasi.
7. Ratu kalih sirna bangke awor kisma,
Buwawas sirna sami,
ngawe Patih Bestak,
dhadhal Prabu Nusirwan,
angelun sagunging baris,
kang para putra,
ngusir sami nglancangi.
8. Pinaranten putra Kangkan putra Kebar,
Suptandar lan Dikwanis,
amendhem ing wana,
turangga pitung leksa,
sareng njendhul amegati,
tambah solahnya,
uleng-ulengan sami.
9. Kang angusir saking ing wuri amelak,

kang para raja siwi,
untel-untel atap,
Raden Marsandi prapta,
lawan Umardani aglis,
ambedhil kaca,
sosorot dadi geni.

10. Kang amberot tan etang kalebeng jurang,
pati-pati nggebyuri,
ajrih mungsuh melak,
lan ajrih ing dahana,
sungsun tindhih kang papati,
akeh kacandhak,
urip kang pra dipati.
11. Patih ing Talsiyah kacandhak binanda,
lawan Patih Betarti,
nggene Sang Nusirwan,
maksih uleng-ulengan,
Raden Mardani marani,
ambedhil kaca,
kang ketel den parani.
12. Inguncalan balang api akeh kena,
Nusirwan jelih-jelih,
sasambat heh Bestak,
ika ta putunira,
angudani nglempar geni,
kasukan pejah,
mbok iya kotudingi.
13. Bestak matur lah inggih putu Kawula,
nanging Umarmayeki,
kang adarbe anak,
mung biyunge kewala,
kawula ingkang sisiwi,
mboten kawasa,
pun Bestak apepenging.

14. Jer kang ngirid gagaman putra paduka,
kang payung genis wilis,
punika ngadhangkrang,
neng kuda pinayungan,
kang ngatag bala mangusir,
Semakun putra,
tuwan ingkang ngajani.
15. Duk miyarsa Nusirwan njetung kewala,
lan kang putra kaeksi,
angtag ing bala,
Raden Semakun nggenya,
aken nempuh anggadhani,
miwah amedhang,
ngungun Prabu Medayin.
16. Bestak matur Raden Semakun punika,
putra tuwan pribadi,
pan dede wong Ngarab,
nenggih kang darbe darah,
saengga pun Rustamaji,
bapa wong Ngarab,
mung biyunge Medayin.
17. Kadi Umardani Marsandi punika,
mung biyung wong Medayin,
kuneng kang lumaywa,
pijer padudon karsa,
rusak balane keh mati,
awak kasrakat,
nanging kasaput wengi.
18. Mundur anjajarah sagung bala Ngarab,
babandan pra dipati,
kalawan punggawa,
wonten mantri satriya,
ulubalang akeh keni,

kang nungku gesang,
ewon bandan bupati.

19. Sang Nusirwan pisah lan turangganira,
miwah rekyana Patih,
ambelani dharat,
wong Medayin kang kathah,
tumulut raja putra kalih,
Urmus lan Irman,
kang lumayu ndhiningi.
20. Angruruntuh Nusirwan lan Patih Bestak,
nginep ing wana sami,
pinggiring jujurang,
ana wong tigang dasa,
kang kumpul sami papanggih,
lan Gustinira,
sawengi sami nangis.
21. Datan wonten kang pinangan calongoban,
ngineb ing wana sami,
panggih lan kang putra,
Urmus kalawan Irman,
wong rong leksa ingkang maksih,
kang mboten pisah,
mawure wong Medayin.
22. Raden alon ature sarwi karuna,
mila kula ngriyini,
wingi amba mulat,
bandera kang ler wetan,
kang asongsong genis wilis,
bendhene nganggang,
berine nggegeteri.
23. Kendhang gonge adhi Semakun bregandhang,
sarwi ngabani dasih,
payo-payo mamah,

ilesen aja kendhat,
kanthi lawan pun Dikwanis,
putra ing Kangkan,
pan sami songsong wilis.

24. Putra Tuwan Adhi Semakun kudanya,
memper pun Jonggiraji,
kudane Suwangsa,
milar lamun kinetab,
tinggal payung nunjang baris,
angambat langkap,
pun adhi memedosi.
25. Mila amba nunten malajar arikat,
tan saged aningali,
angungun kang rama,
Bestak nambungi sabda,
inggih angger mila wingi,
nempuh nggen kula,
nunggil rama Sang Aji.
26. Mila ketel dadya pangungsening kathah,
sami ta aningali,
para raja putra,
dhateng Rama Paduka,
ragi ler wetan duk prapti,
rayi paduka,
Raden Semakun wingi.
27. Baris Kebar lan Kangkan ingkang den atag,
heh apa mandheg iki,
mamahen kewala,
iles bae ing aprang,
sanadyan iku rama Ji,
samengko mengsah,
rampeden aja wigih.
28. Mila sami ambyuk ngebyuki angidak,

rayi dika ngajani,
nangis Sang Nusirwan,
ya babo wis dilalah,
anak arep amateni,
den ebang apa,
marang si Jayengmurti.

29. Lali temen Semakun marang wong tuwa,
jer wus den wehi putri,
putri ing Gumiwang,
iku lali maring wang,
mung ipene den ugemi,
nora kayaa,
jer wus ngemut mamanis.

XLIII. WONG AGUNG KONDUR DHATENG KUPARMAN

DHANDHANGGULA

1. Nahan ing reh Prabu Nyakrawati,
kang lumajar lan sawadyanira,
ingkang ingancap karsane,
mring nagri Ngambarkustup,
Patih Bestak ingkang ngaturi,
wonten ratu digdaya,
manawi asanggup,
Sang Raja Bariakebar,
Ngambarkustup punika badhe den ungsi,
yata ingkang winarna.
2. Yata Wong Agung Surayengbumi,
sampun manjing kitha Purwakandha,
kerig sawadyane kabeh,
wus ngadhaton Wong Agung,

para ratu wismeng dipati,
arja ing Purwakandha,
nagari loh agung,
prapta para raja putra,
ngaturaken jarahan kang pra dipati,
babandan ulubalang.

3. Patih Talsiyah lawan Betarti,
tuwin para punggawa Kosarsah,
nematus ingkang katalen,
miwah Purwakandheku,
pan akathah kang nungkul urip,
Wong Agung duk sineba,
aglar para ratu,
munggeng ing tatarub rambat,
amanggihi praptane kang anglut sami,
mengsah sirna anebah.
4. Wong Kosarsah lan Mutadarawi,
wong Betarti lawan wong Gumiwang,
nungkul aris punggawane,
kinen ngluwari sampun,
pra dipati kang nungkul aris,
sami sinalin sadat,
wus sami anungkul,
sakancane sowang-sowang,
angandika Wong Agung Surayengbumi,
yayimas Parangteja.
5. Kakang Adipati Guritwesi,
lawan sagung para raja-raja,
padha ngestrenana kabeh,
si Pirngadi puniku,
jumenenge Sri Narapati,
amengku Purwakandha,
papatihi ing laku,
ngiras isining wijohan,

ing Lulkiyah sira Sang Raja Ardabil,
angiras bapa angkat.

6. Ana dene si Apatih Jedhi,
dadi tuwa-tuwa ing Gumiwang,
ana dene narpatine,
iya yayi Semakun,
umadega Gumiwang Aji,
kabeh angestrenana,
sagung para ratu,
sadaya saur sandika,
ing Talsiyah ya iku si Banuarli,
kang madega narendra.
7. Karatone si Raja Rukyatil,
lawan Wajahjami kang dadia,
wijohan mangka isine,
nagri Kosarsah iku,
aja nganggo Sri Narapati,
saparo mring Gumiwang,
kang saponipun,
iya maring Purwakandha,
bupatine wismaa Mutadarawi,
lan awisma Gumiwang.
8. Ing Betarti kang madeg narpati,
buyutira si Arismunandar,
Prabu Jaka Betartine,
Umarmadi Lamdahur,
sami nyandhak ing putraneki,
sinujud ing bantala,
ngarsane Wong Agung,
Raja Sayid Ibnungumar,
nyandhak ingkang putra sinujudken siti,
neng ngarsane kang eyang.
9. Raja Semakun sujud pribadi,
aneng kisma ngarsane wong Menak,

dening raja katigane,
dening Raja Semakun,
pasebane mring Rustamaji,
Raja Pirngadi seba,
marang Sanga Prabu,
Jayusman Samsumurijal,
Parangakik dene Raja Banuarli,
seba marang Karsinah.

10. Raja Arismunandar Betarti,
seba marang ing Kaos nagara,
ing rama pangidhepane,
ing kang eyang Sang Prabu,
Burudangin amatedhani,
bupati kawandasa,
bala mitungewu,
sami andeling ngayuda,
tumul tengaa wisma nagri Betarti,
rumekseng Prabu Jaka.
11. Papatih Raja Banuarli,
masih tetep papatih lama,
Bardas Bardus tetep bae,
wusnya parentah dhawuh,
kondur risang Surayengbumi,
sapraptanireng pura,
sagung para ratu,
kang anyar sami ngandikan,
manjing pura samya kinen angabekti,
marang Retna Sudara.
12. Nulya Retna Sirtupelaeli,
lajeng marang kang garwa sadaya,
Isnaningsih Kisbandine,
sagung kang madeg prabu,
pinaringan makutha sami,
marang Retna Sudara,

lan babadhongipun,
pan sami winasiyatan,
Raja Arismunandar nagri Betarti,
dening Raja Talsiyah.

13. Binathara mraja Banuarli,
binathara mraja Pirngadiyan,
Mutadarawi kuthane,
ya ing Purwakandheku,
ing Gumiwang Sri Narapati,
maksih denya bisikan,
Sang Prabu Semakun,
samyang rosa sugih bala,
wus mangkana para ratu anyar mijil,
saking sajroning pura.
14. Wus atata pakuwon pribadi,
wus wibawa ingkang madeg raja,
lami Wong Agung kojahe,
aneng Purwakandheku,
kundur risang Surayengbumi,
marang nagri Kuparman,
sabalane kebut,
miwah ingkang para garwa,
Isnaningsih miwah ratu anyar sami,
ngater marang Kuparman.
15. Lampahira tan kawarneng margi,
samyang kasukan samarga-marga,
lawan para ratu kabeh,
suka sukeng marga gung,
kalangenan ing wana kali,
panganjuring lumampah,
Sang Raja Semakun,
lan Raja Arismunandar,
Banuarli lawan Sang Raja Pirngadi,
kang para ratu anyar.

16. Sami manganjuri ing lumaris,
kawuwusa nagara Kuparman,
sami miyarsa wartane,
lamun kang rama rawuh,
sami methuk ing wana giri,
akarya pasanggrahan,
rinarenggeng tuwuh,
miwah sagunging puspita,
tarub agung pasanggrahan pinggir kali,
kalangenan pan kathah.
17. Sampun mijil saking ing nagari,
para ratu tanaya utama,
lawan sagung punggawane,
lampahan tigang dalu,
saking kitha Kuparman nenggih,
pakuwon para putra,
mangkana panganjur,
Raja Semakun Gumiwang,
yata kaget Sang Prabu ing Parangakik,
lawan Prabu Karsinah.
18. Miwah sira Prabu Rustamaji,
iki Paman Semakun kang prapta,
cara ratu pacarane,
Patih Bunandir matur,
marang ratu katiga nenggih,
tuwin Pangeran Kelan,
pun Paman Semakun,
sampun kinarya narendra,
rama tuwan sakawan sareng sakenjing,
Semakun ing Gumiwang.
19. Rayi tuwan Rahaden Pirngadi,
kang jumeneng nagri Purwakandha,
binathara karatone,
dening pasowanipun,

inggih dhateng ing Parangakik,
angreh samining raja,
geng karatonipun,
Raden Banuarli dadya,
ing Talsiyah karaton Prabu Rukyatil,
pan inggih binathara.

20. Sami angreh samining narpati,
ratu anyar kang sakawan pisan,
dening Gumiwang ratune,
inggih Raja Semakun,
sowan dhateng Jeng Rustamaji,
dening wayah Paduka,
Prabu Jakanipun,
Sang Parbu Arismunandar,
ing Betarti seba mring Kaos nagari,
punika ingkang dhawah.
21. Nulya baris andaledeg prapti,
Raja Semakun Arismunandar,
tedhak saking turanggane,
tundhuk njawining tarub,
wau sira Rajeng Betarti,
nembah ing para eyang,
kang sakawanipun,
Parangakik lan Karsinah,
lan ing Kelan sakawan Asimkuwari,
Semakun kang sinembah.
22. Marang para putra Puserbumi,
nadyan sampun sami madeg nata,
datan owah pangangepe,
mangkana malih rawuh,
balanira kadi jaladri,
ratu kalih sasaman,
inggih praptanipun,
Mutadarawi Talsiyah,

bala piyak tedhake narendra kalih,
saking dipangganira.

23. Angabekti mring narendra katri,
wuri kang prapta joli jempana,
para garwa titihane,
ing wuri pan Wong Agung,
datan sela ingkang para Ji,
manjing ing pasanggrahan,
ingkang para ratu,
anggrebeg Sang Kakungingrat,
kadya Nabi Suleman saking cangkrami,
munggeng tarub wangunan.
24. Para ratu samya angabekti,
marang kang rama myang ibu samya,
pra nata tata linggihe,
cinatur tigang dalu,
pacangkraman ageng pinanggih,
sawusnya lajeng budhal,
wadya gung gumuruh,
kadya kang jaladri pasang,
awit dalu wadya lit ingkang lumaris,
pan awit sore mula.
25. Duk samadya candra kang lumaris,
ingkang lajeng mring kitha Kuparman,
sadina-dina agebel,
lulurung elar-elur,
kang wadya lit akeh dhingini,
amargi lurung kitha,
pra samya kayungyun,
Wong Agung ing Budhalira,
prapteng kutha suka wadya sanagari,
sami karagan-ragan.
26. Dening Gusti prapta ing ngajurit,
lan para putra keh dadi raja,

tambah enggone sukane,
kang munggah gustiningsun,
lunganira durung narpati,
praptane dadi raja,
pangling kang andulu,
ika raja putra Selan,
duk lungane pan maksih satriya nguni,
praptane dadi raja.

27. Kabeh anggunem kang urut margi,
wong nononton padha nyablek anak,
ana nyablek sadulure,
tirua begjanipun,
putra Selan Raden Pirngadi,
lunga misih satriya,
prapta dadi ratu,
semune teka sembada,
dhongoh-dhongoh mungguh Sang Prabu Pirngadi,
ngungkuli ingkang raka.
28. Ratu Nglaka mraja Banarungsit,
kurang tenaga gagah akemba,
kang rayi iki polahe,
pantes respati mungguh,
Sri Bupati Mutadarawi
tuwin rajeng Talsiyah,
Banuarli mungguh,
kang rama ratu balendhang,
ratu mangkak putrane teka baresih,
Sri Bupati Talsiyah.
29. Prabu Arismunandar Betarti,
ndadak atiru marang kang rama,
maksih timur karatone,
iku pasthi kang tiru,
eyang Raden Ngumaryunani,
sisikutane samya,
lan kang eyang wutuh,

kang seda duk Kalajohar,
Maryunani abagus prawireng jurit,
teka cendhak kang yuswa.

30. Iku Rahaden Asimkatamsi,
rada memper pangeran ing Kelan,
nanging sagebyaran bae,
tinitik akeh dudu,
nanging dadi sorsoran ugi,
ngarekken para kadang,
ana emperipun,
lan raka Pangeran Kelan,
punjul dhewe nyirnakken langen sabumi,
kaya dudu wong donya.
31. Kangjeng Gusti Prabu Parangakik,
ratuning dedeg pantes pideksa,
sayekti tiru ibune,
lawan kang cahya mancur,
pan katengen semune kedhik,
nora ladak beranyak,
nora tiru ibu,
Gusti Raja ing Karsinah,
teka lencir kuciwane kurang daging,
ana risine uga.
32. Mung remane teka ketel wilis,
angungkuli kadange sadaya,
Prabu Karsinah remane,
sultan anom puniku,
Rustamaji dedeg respati,
nanging rada wang malang,
ruruhe asendhu,
yen mulat sok anjelalat,
saradane kang sajati nora gempil,
amung Gusti ing Kelan.
33. Andheweki tan kena tinempil,

sarwa sedheng-sedheng ing wawatak,
saradan anut ulese,
mijet walikatipun,
lawan nyeklek-nyeklek dariji,
ngangeni kang tumingal,
ing saradanipun,
apanjang yen winuwusa,
ing kang sami muji respating Gusti,
cinendhak kang winarna.

34. Nenggih Wong Agung Surayengbumi,
wus ngadhaton jro pura Kuparman,
tuhu tan ana tondhene,
praja ageng tur patut,
sembadane asugih isi,
kadya Nabi Suleman,
ing prabawanipun,
mangkana kang para garwa,
kang kinathik Raja Putri Burudangin,
dening guruning garwa.
35. Nenggih Raja Putri Parangakik,
pangidhepane garwa sadaya,
Sudarawreti tunggule,
putri kalih cinatur,
apan sami tebih ing resmi,
Parangakik Karsinah,
saking sangetipun,
karen ing kaprajuritan,
ananedha lan atajin dahar guling,
ketang mung kaprawiran.
36. Para ratu amung ulah mukti,
yen alami neng nagri Kuparman,
agung cangkrama karyane,
sagunging para ratu,
sami darbe cangkrama tebih,

ana lakon sadina,
ana kalih dalu,
ana lakon telung dina,
denya karya pakebonan kang para ji,
sami rinengga-rengga.

37. Ingkang sami ngubengi botrawi,
kathah sukane kang para raja,
nutug Sri Pacangkramane,
wonten malih winuwus,
duta saking Mutadarawi,
punggawane tampingan,
lan tampinganipun,
Sri Bupati ing Gumiwang,
sami prapta mring Kuparman tur upaksi,
lamun wonten narendra.
38. Inggih umadeg apacak baris,
arsa ngelar angelar jajahan,
ing Ngambarkustup kithane,
ambek narendra punjul,
Bariakbar bisikaneki,
Sanga Prabu Nusirwan,
ingkang wonten ngriku,
ratu punika prawira,
sugih bala andhesek Mutadarawi,
kalawan ing Gumiwang.
39. Wadya tampingan kang den bahaki,
dadya aprang arebut jajahan,
katur mangkana ature,
wau raja Semakun,
ingandikan marang jro puri
Wong Agung nuju lenggah,
wismane Marpinjun,
Raja Semakun kang prapta,
nuhun nembah ing raka Sang Jayengmurti,
agambuh lan kang garwa.

XLIV. PRAMESWARI MEDAYIN DIPUN BOYONG DHATENG KUPARMAN

GAMBUH

1. Ing kene Yayi Prabu,
majeng anembah Raja Semakun,
angandika Wong Agung Surayengbumi,
heh Yayi Prabu Semakun,
pira mengko praptaning ngong.
2. Nembah Prabu Semakun,
kirang patbelas dinten sataun,
iya Yayi sira wus miyarsa warti,
punggawanira weh weruh,
kang rayi matur wotsinom.
3. Inggih Rama Pukulun,
kendel nagari ing Ngambarkustup,
mboten lajeng kondur mring nagri Medayin,
punika pun Ngambarkustup,
pun Bariakbar Sang Katong.
4. Pun Jedhi kang alapur,
lamun tampingan binahak mungsuh,
carakane ing Ngambarkustup Sang Aji,
ambahak jajahan ulun,
tanah paminggir rinengkoh.
5. Lawan punggawanipun,
ing Mutadarawi anak prabu,
estu rama Paduka bekaning urip,
sampun sepuh mboten mantun,
maksih dhahar aturing wong.
6. Pikir dudu anglantur,

yata nambungi Dewi Marpinjun,
yayi prabu paranta karsanireki,
upamane kangjeng ibu,
agenti tunggu maring ngong.

7. Matur Raja Semakun,
langkung prayogi yen kangjeng ibu,
yen suwawi kawula kang amondhongi,
yen sarta pangestunipun,
raka paduka pan ingong.
8. Lumampah ragi sendhu,
kadi-kadi amboyong pukulun,
wong wis tuwa kethap-kethip tunggu puri,
nora aningali putu,
miwah kang putra tan katon.
9. Lon ngandika Wong Agung,
yen sira yayi wis padha rembug,
anakira kaki Prabu Rustamaji,
lan sira budhala esuk,
panekarira pra katong.
10. Gawanen sadayeku,
tur sembah mijil Prabu Semakun,
tan kawarna ing dalu wuwusen enjing,
budhal kang wadya gumuruh,
angkatira prabu karo.
11. Pan sangangatus ewu,
bala lampahe Prabu Semakun,
lan kang putra Sultan Anom Rustamaji,
lamine ing lampahipun,
marga datan kawiraos.
12. Prapta paninggiripun,
inggih jajahan nagri Medayun,
pan balero ing warta ana mastani,

sanga prabu ingkang rawuh,
ana kang mastani mungsoh.

13. Gegere ting bilulung,
nora karuwan kang warta tuhu,
ingkang estu Sanga Prabu Rustamaji,
lawan Sang Raja Semakun,
balane lir samodra rob.
14. Punggawane ingkang tunggu,
nenggih sadaya pan kawanatus,
ana ingkang wowolu amacalangi,
panggih prabu kalhipun,
punggawa mulat andongong.
15. Dening Raden Semakun,
wus dadi raja Prabu Semakun,
nunggil raka Wong Agung Surayengbumi,
atilar ing rama prabu,
ngetutken kadange wadon.
16. Lan kacek cahyanipun,
ing mangke tuhu katingal mancur,
angandika marang mantri ing Medayin,
heh matura kangjeng ibu,
lawan iki garwaning ngong.
17. Lan garwane nak Prabu,
Rustamaji gawanen rumuhun,
lan buyute iki Raden Atasaji,
padha milua rumuhun,
dimene tetep punang wong.
18. Yen ndangu kangjeng ibu,
ingsun wus pisah lan rama prabu,
wus atunggal lan Kakang Surayengbumi,
ya uwis ginawe ratu,
ing Gumiwang prajaning ngong.

19. Sigra denya rumuhun,
tandhu lan joli jempana selur,
kang ngiringken wong satusewu njajari,
praptane nagri Medayin,
mari oreg keh menonton.
20. Lajeng manjing kadhatun,
Ni juru jinem miyarsa methuk,
wijil pisan panggih sami awotsari,
juru jinem atanya rum,
lah mara tutura mring ngong.
21. Mantri Medayin matur,
ngajeng punika pan garwanipun,
putranta Sang Prabu Semakun sang putri,
ing Gumiwang namanipun,
Dewi Rungkati yu kaot.
22. Dene ing wurinipun,
inggih garwane wayah pukulun,
Prabu Anom Kangjeng Gusti Rustamaji,
putri saking Mendhangpupus,
sampun patutan sawiyos.
23. Ingkang ngajeng puniku,
buyut paduka diwasa sampun,
namanipun inggih Raden Atasaji,
prameswari ngungun njetung,
kantaka rubuh ing ngenggon.
24. Dangu pan nulya wungu,
lajeng binekta maring kadhatun,
prapteng pura mantu putu mantu yekti,
sinungan emas satumbu,
lawan sosotya sabagor.
25. Busana molung pikul,
lawan pawongan amolungpuluh,

- wong Medayin sami eram aningali,
Atasaji Raden buyut,
sinungan emas sagedhong.
26. Wadyestri kalihatus,
patayare nenggih kawanatus,
kuda seket pipitu dipangganeki,
lawan pedhang wolulukur,
makutha miwah babandhong.
 27. Wau ta lampahipun,
para dipati ingkang amethuk,
kalihatus apanggih sami lumaris,
oreg nagri ing Medayun,
praptanira prabu karo.
 28. Lajeng marang kadhatun,
sampun kapanggih Prabu Semakun,
lan kang ibu miwah Prabu Rustamaji,
angandika eyangipun,
prameswari ngungun ndongong.
 29. Mbuh nggone sukanipun,
tyasnya kadi kaseselan gunung,
mingak-minguk dangu nora bisa angling,
prameswari lenguk-lenguk,
juru jinem amacoco.
 30. Matur Prabu Semakun,
kula punika ibu anungkul,
maring putra tuwan Jeng Surayengbumi,
pan sampun kinarya ratu,
praja geng Gumiwang ing ngong.
 31. Awit ing rama prabu,
mila amisah amba pukulun,
mboten saged anglegakena ing galih,
ingkang ngrabekken pukulun,
pun kakang Jayengpalugon.

32. Anggubel Rama Prabu,
kasmaran putri datan tinurut,
putra Tuwan Wong Agung Surayengbumi,
den labuhi lara lampus,
nuruti karep wong anom.
33. Mangkana tan winuwus,
lamine neng nagri ing Medayun,
nutug sami oneng lan ibunireki,
miwah santana lit agung,
wus antara arsa bodhol.
34. Ambekta ingkang ibu,
donya kadhaton kabeh den usung,
kinantunken nyagedhong barang braneki,
winot ing unta lan senuk,
bihal miwah kang ginotong.
35. Sagunge kang atunggu,
para bupati pating palinguk,
malang ajrih yen nora malanga ajrih,
yen nora malanga iku,
ajrih ing rama sang katong.
36. Malanga ajrihipun,
pasthi mangkya Sang Prabu Semakun,
yekti duka nora wurung bilaeni,
temahan amingak-minguk,
wekasan meneng kemawon.
37. Saking sru karsanipun,
ing senu adreng Raja Semakun,
pinopoa pinalangana karseki,
pasthi ambanda punika,
pra dipati kang binelok.
38. Apranga kalah iku,
dadi wong Ngarab Prabu Semakun,
pasthi kendel prajurite becik-becik,

dimamah bala Medayun,
nadyan katura sang Katong.

39. Putrane kang anjuput,
keh barana ing jroning kadhatun,
sapa wani praptane anggawa baris,
balane Raja Semakun,
padha anjarag prang rempon.
40. Nadyan dukaa mbesuk,
tinempuhena tiwas tutunggu,
wong semene wasisan padha ambalik,
milu ing Raja Semakun,
anggusti Jayengpalugon.
41. Mangkana budhalipun,
Raja Semakun mbekta kang ibu,
wong Medayin binekta ingkang sapalih,
pra dipati punggawa gung,
sapalih tengga kadhaton.
42. Wadyane tri gumuruh,
kadya beboyong tanaganipun,
wus utusan Rajeng Gumiwang dhingini,
tur uninga mring Wong Agung,
kang dinuta nembah sinom.

XLV. PRAMESWARI MEDAYIN PEPARING DHATENG PUTRA WAYAH

SINOM

1. Prapta duta katur marang,
Wong Agung Surayengbumi,
lamun kang ibu binekta,
duk budhal saking Medayin,

Wong Agung marentahi,
kang para garwa amethuk,
lawan kang para putra,
lampahan sadasa ari,
pamethuke para garwa para putra.

2. Kang dadya pangirid lampah,
raja putri Parangakik,
lawan putri ing Karsinah,
anitih jempana rukmi,
rinawisan tulya sri,
mutyara miwah jumerut,
inganggit lan nilastra,
kadya surya mangsa katri,
jempanane Retna Sudarawretika.
3. Dene ta titihanira,
garudha yeksa kinawil,
kinencang mung tigang dhepa,
ibere pan nora inggil,
kadya layaring keci,
ngaubi jempananipun,
kinencang lan jempana,
rante kencana kinardi,
gebyar-gebyar makutina garudha yeksa.
4. Eram kang sami tumingal,
durung ana para putri,
bisa ngrakit upacara,
amung Putri Parangakik,
palawija kang ngampil,
cacahe amitungatus,
dhengkak cebol walikan,
wong lumaku suku siji,
tangan siji iya mitungatus samya.
5. Ngalihewu bule bajang,

palisir cemeng jangesi,
kalihewu tiyang Cina,
kang kathah rambute sami,
kinalabang mara tri,
ngalih dhepa panjangipun,
inganggit lan mutyara,
sinelan nila widuri,
kadya sarpa tapak angin atut wuntat.

6. Kathah lamun cinaturan,
tur sami ngebat-ebati,
warnane ingkang ampilan,
Raja Putri Parangakik,
Putri Karsinah nenggih,
pacarane undha usuk,
lawan wau kang raka,
Raja Putri Burudangin,
durung bisa nelad durung antuk lilah.
7. Titihan Putri Karsinah,
kang peksindra sahomahi,
munggeng ngarsaning jempana,
liwat amuwuhi asri,
kang putra sadayeki,
lawan wadya para ratu,
kadya giri kusuma,
wadya gung busananeki,
sampun prapta lajeng manjing pasanggrahan.
8. Tabete kang pasanggrahan,
panggihe Marpinjun nguni,
ing mangke sangsaya pelag,
pethetane wus andadi,
toya winangun malih,
rinarengga asrinipun,
kendel kang baris samya,
prapta kang saking Medayin,
baris ingkang sisiyung sapuluh dina.

9. Tedhake saking jempana,
prameswari ing Medayin,
Sudarawreti kang nyandhak,
lawan Sirtupelaeli,
Raja Semakun mangsit,
anjawil marang kang ibu,
ibu putra paduka,
ing Karsinah Parangakik,
kang minangka gegedhuging para garwa.
10. Wus manjing ing pasanggrahan,
rinangkul sang putri kalih,
apan sarwi tinangisan,
adhuh nyawa anak mami,
tan kira yen apanggih,
sira ngger lawan pun biyung,
kinempit kang mustaka,
ingkang waspa adres mijil,
nulya putri kalih sumusul manembah.
11. Prameswari atatanya,
mring putra Sudarawreti,
iya dhenok iku sapa,
nembah Putri Parangakik,
yayi ing Burudangin,
lawan Kuwari puniku,
sami mantu Paduka,
sigra cinablekan sami,
dhuh bageya anakingsun karo pisan.
12. Anulya kang para putra,
Prabu Semakun kang ngirid,
punika wayah Paduka,
sadaya arsa ngabekti,
Sang Prabu Parangakik,
lan Karsinah kang rumuhun,
nuli Pangeran Kelan,

lan Raden Asimkuwari,
lawan Raden Asimkatamsi sumembah.

13. Dinangu wiji-wijinya,
katur sapatelaneki,
Rajeng Kaos lan kang putra,
Sanga Prabu ing Betarti,
Retna Sudarawreti,
umatur pratelanipun,
njenger sarwi ngandika,
wus cacangah ingsun iki,
cangghingsun Ki Prabu Arismunandar.
14. Sadaya winasiyatan,
pusaka saking Medayin,
waradin kang para wayah,
sarwi angandika aris,
iya si Rustamaji,
begja asugih sadulur,
tur padha dadi raja,
sugih temen putu mami,
cinarita aneng ngriku tigang dina.
15. Nutug suka parisuka,
prameswari ing Medayin,
karasa duk larenira,
wong Menak den babakali,
mengko ingsun wus bathi,
sugih mantu sugih putu,
mbarebel wetu waspa,
anakingsun Jayengnurti,
mengko kongsi samene **kadadenira**.
16. Sayekti-yektining titah,
geng sih rumeksa ing pati,
duk lare arsa kinasap,
prameswari angukuli,
sasat putra pribadi,

juru jinem tresnanipun,
kang raka Sri Narendra,
sok kena aturing dasih,
prameswari pengkuh welas tameng pejah.

17. Yata wau lampahira,
saking pasanggrahan aris,
samarga amangun suka,
prameswari ing Medayin,
eram denya ningali,
untabe ingkang wadya gung,
kadya samodra wutah,
angalabi wana giri,
ambalabar tulya sri rengganing bala.
18. Kang wana dadya ra-ara,
kambah ing bala lumaris,
wadyane kang para nata,
tuhu tan kena winilis,
duk antuk kalih ari,
lawan Kuparman kitha gung,
nggene methuk kang putra,
Wong Agung Surayengbumi,
lan kang garwa Marpinjun pamethukira.
19. Mangkana prapta nggonira,
Wong Agung Surayengbumi,
amethuk njawi taratag,
patedhake saking joli,
kang putra anadhahi,
bekta manjing ing tatarub,
Prabu Semakun sigra,
kang ibu kendel jinawil,
lah punika ibu jeng putra paduka.
20. Punapa tuwan pandunga,
pun Kakang Surayengbumi,
kagyat kang putra cinandhak,

prameswari asru anjrit,
kantaka prameswari,
munggeng ing bangku mas rubuh,
adangu kapidhara,
kasok tresna angebeki,
wungunira prapta Marpinjun tur sembah.

21. Maksih ngrangkul ingkang putra,
Wong Agung Surayengbumi,
sarwi mulat bala-bala,
mulat putra Yajengmurti,
karaseng tyas duk alit,
suwitane neng Medayun,
dhuh lae putraningwang,
nugraha temen geng prapti,
duk semana mengko semene ta sira.
22. Amung ta apuranira,
kang sun tedha ing sireki,
marang wong atuwanira,
lupute kapati-pati,
wus begjanira Gusti,
duwe wong tuwa andarung,
umatur atur sembah,
Pukulun sampun kapundhi,
sasat rahmat ing karsa Raka Paduka.
23. Anulya sami dhadharan,
para wayah angladosi,
wayahipun kang satunggal,
sumrikut denya ngladosi,
putu ngong siji iki,
lah kang endi ibunipun,
matur arawat waspa,
Raja Putri Parangakik,
senggruk-senggruk raja putri ing Karsinah.
24. Marpinjuna amberebel waspa.

pukulun sampun ngemasi,
Kelaswara putri Kelan,
tumungkul Sang Jayengmurti,
mulat kang para rabi,
sadaya pating salenggruk,
nadyan kang durung wikan,
Raja Putri Burudangin,
milu nangis tangise katut kewala.

25. Prameswari angandika,
yen mangkono putu mami,
ingsun dhewe kang kanggonan,
gegentine ibuneki,
ibumu gedhe mami,
ibu cilik kabeh iku,
garwanya tinimbalan,
sira Dewi Kadarwati,
angabekti mring eyang Medayin sigra.
26. Rinangkul marang kang eyang,
dinangu asaling putri,
Raja Semakun tur sembah,
putrine Rajeng Kubarsi,
ngandika prameswari,
babu dhenok putuningsun,
ngong maratuwanira,
iya maratuwa nini,
sun wasiyat Kadarwati marang sira.
27. Puhjenggi rega sayuta,
wadhah pagurahing lathi,
duwekingsun duk ing kuna,
Rama Prabu kang nggawani,
kala panganten mami,
lan eyangira Sang Prabu,
intene kapatbelah,
saga pecah kanan keri,
kang saparo herthathit lawan herkilat.

28. Inggang salawe herkembang,
herlaut saparo malih,
jumerute kapat belah,
mirahe selan sasisih,
pitungpuluh premati,
iku Nini duwekingsun,
kala panganten anyar,
lan eyangmu Sri Bupati,
mengko nyawa dadia pusakanira.
29. Kadarwati matur nembah,
Wong Agung alon nambungi,
babu Nini anakingwang,
nugraha geng inggang prapti,
embahmu masiyati,
alah ta mas sagunung Kud,
kakek-kaken ninena,
dadia ratu linuwih,
asugiha putra kaya eyangira.
30. Cinarita tigang dina,
rerep pakuwon tulya sri,
kathah inggang pacangkraman,
sira Dewi Kadarwati,
lan raka saben wengi,
memeteki sukunipun,
suku tengen kang raka,
Pangeran Kelan meteki,
Kadarwati meteki suku kang kiwa.
31. Sarwi ndongeng cacarita,
prameswari ing Medayin,
mituturi inggang wayah,
kulup ramanira nguni,
kala mandi sireki,
suwita mring eyangamu,
aneng Medayin magang,

nggawa bala pitung kethi,
sanagara oreg dening ramanira.

32. Dadi ojat ing pangucap,
baguse ramanireki,
sak Medayin nora ana,
kang mirib prandene Gusti,
maksih bagusireki,
amemet nyamut-nyamut,
maksih wiraga sira,
ramanira semu tani,
anyantreni pan nora pati nyatriya.
33. Nanging cahyane kewala,
ngedus sakehing kumelip,
kakayon alum alesah,
den lirik aseger malih,
kembang kang maksih kincip,
den lirik sarine mawur,
nadyan uwong sakarat,
dinulua saras malih,
pan mangkono cahyane wong tuwanira.
34. Tan kena pisah sadina,
lan eyangmu Sri Bupati,
kaya den gendhong-gendhonga,
pamanira telu keru,
amung ramanireki,
den cekedhing siyang dalu,
ya Kulup negndi ana,
nayup kongsi telung bengi.
telung dina iku aneng patamanan,
35. Ibunira si Muninggar,
samono karade dingin,
kamomosen wong angucap,
wong njaba miwah jro puri,
amung ramanireki,

rina wengi kang den wuwus,
mangkana cinarita,
prameswari ing Medayin,
lamun arsa dhahar kang wayah ngandikan.

36. Kadarwati ingantenan,
welase kapati-pati,
mring wayah Pangeran Kelan,
para wayah sadayeki,
apan ta sami maksih,
sadaya tinunggu ibu,
amung kang wayah Kelan,
teka alola pribadi,
yata budhal lampahe angraras driya.

XLVI. PRAMESWARI MEDAYIN WONTEN ING KUPARMAN

MIJIL

1. Prapteng jro kitha lampahireki,
oreg kang nononton,
lurung-lurung atimbun agebel,
para wayah sami tinggal baris,
samy a njajari,
kanan kering pungkur.
2. Ningkab joli agung niningali,
prameswari ndongong,
gelis temen prajeki gemahe,
angungkuli nagri ing Medayin,
arata tur resik,
tumumpang kang banyu.
3. Jembare padha lawan Medayin,
respatine kaot,

apan bagus ing kene patute,
rata resik lawan akeh kali,
lawan akeh jinis,
rupane wongipun.

4. Jinis Cina kethen sun tingali,
ireng Minangkabo,
akeh temen wong iki jinise,
warna-warna akeh jinis putih,
kethen wong Kelasi,
elur elar elur.
5. Lan Medayin lurung jembar iki,
lawan isining wong,
puk sapuluh pan akeh ing kene,
karane dhingin Ki Rustamaji,
aneng ing Medayin,
endang kudu mantuk.
6. Neng Medayin tan betah rong sasi,
apan nuli keron,
kudu mulih mring Kuparman bae,
nora dimpe mangkene prajeki,
sakalire kari,
nagari Medayin.
7. Lampahira tan kawarneng margi,
wus manjing kadhaton,
para wayah nyandhak jempanane,
kang amikul pan para narpati,
prapteng dalem puri,
ing wismeng Marpinjun.
8. Lagi sapasar wus den aturi,
wus angalih enggon,
putri Parangakik ing daleme,
saenggene kang wayah tan kari,
Dewi Kadarwati,
saparane tumut.

9. Nuli medal saking dalem puri,
marang para katong,
putra wayah nglimalas dinane,
Raja Semakun ngaturi dingin,
wus samadya sasi,
binekta sang Prabu.
10. Prabu Parangakik kang ngaturi,
madya candra kono,
nulya ngalih marang wayah maleh,
Sri Bupati Karsinah ngaturi,
nulya Rustamaji,
samadya Sitangsu.
11. Nulya pangeran ing Kaelani,
sawulan neng kono,
apan iku kinasihan dhewe,
nuli Rahaden Asimkuwari,
lan Asimkatamsi,
sami laminipun.
12. Nuli binekta kang buyut malih,
sang raja ing Kaos,
wus watara ing para wayahe,
nuli wangsul ing jro pura malih,
kang samya naosi,
sagung para ratu.
13. Langkung suka wareg tanpa bukti,
suka tanpa nganggo,
para wayah madeg ratu kabeh,
kang satriya balane ngluwahi,
Raden Atasaji,
kinathik ing buyut.
14. Dene kang mintir tampi paparing,
mring eyang tan towong,
pangeran ing Kelan kerep dhewe,

nadyan Semakun lan Rustamaji,
datan animbangi,
paring wantu-wantu.

15. Amung pangeran ing Kaelani,
ingkang sih kinaot,
sami wayah tan ana ibune,
ing pendhak rong dina den timbali,
yen ing pukul siji,
ameteki suku.
16. Pukul satengah lima tan mari,
marek sakarongron,
apan agung cinaritakake,
lalakone kang rama ing nguni,
duk larene nenggih,
malah kongsi sepuh.
17. Malah diwasa dadi prajurit,
sugih bala katong,
pratingkahe kala babakale,
apaitan momot angluwihi,
langkung ngapureki,
mangkya manggih luhur.
18. Padhang tyase Pangran Kaelani,
miyarsa cariyos,
ingkang eyang inggih wirayate,
lalakone duk aneng Medayin,
mila remen sami,
kemit embahipun.
19. Raja Semakun asring nambungi,
yen ibu tumpangso,
cat ecatan kang ibu emute,
apan Prabu Semakun meningi,
mila sring nambungi,
yen supe kang ibu.

20. Sampun pipitu selir kakalih,
selire kang anom,
apan sami angalih patute,
mila kathah Semakun putreki,
dereng rabi putri,
milane amutung.
21. Tumut kang raka pan dereng lami,
rabi putri Kaot,
mila lali marang wong tuwane,
ngugemi ipe dadi narpati,
sungkeme tan sipi,
Sang Prabu Semakun.
22. Mangkya lami Sang Surayengbumi,
denira ngadhaton,
neng Kuparman angulah kamukten,
datan kirang nagri loh jinawi,
mukti sagarweki,
putra putu buyut.
23. Ibu Medayin atunggu lami,
kayungyune tumon,
para wayah madeg ratu gedhe,
duk semono Wong Agung tinangkil,
aglar kang para ji,
para raja sunu.
24. Lir samodra bala kang anangkil,
nalika prapteng rob,
paparentah ing para putrane,
padha siyagaa ing ngajurit,
kabelh anak mami,
lan yayi Semakun.
25. Padha iriden putranireki,
modhongi sang katong,
panembahan aturana muleh,

lan lungane atilar nagari,
lamun angukuhi,
Ratu Ngambarkustup.

26. Iya geceken nagrine nuli,
Semakun wotsinom,
sinten sinepuh-sepuh ing gawe,
dene ingkang budhala rumiyin,
kakalih para ji,
tiga buyutingsun.
27. Inkang tuwa ing gawe sireki,
para putreng katong,
sira yayi mapan pangiride,
anak-anakira anindhihi,
putunira sami,
gawenen pianjur.
28. Putunira roro bae kari,
ana tunggu mring ngong,
si Atasaji tunggu buyute,
lan putuningsun ing Malebari,
sandika turneki,
Sang Prabu Semakun.
29. Anakingsun Iman Karnaeni,
iya mantuning ngong,
Kadarwati tengga ing embahe,
amung garwanira kang paminggir,
kang milu sireki,
sumangga wotsantun.
30. Menak Abas wus kinen anulis,
serat kalih dados,
kang satunggil mondhongki kondure,
marang Sang Prabu Anyakrawati,
kang satunggil maring,
ratu Ngambarkustup.

31. Lajeng ujung Sang Narendra katri,
 ingkang lajeng bodhol,
 andhingini lawan sabalane,
 Prabu Arismunandar Betarti,
 mraja Banuarli,
 Talsiyah wadya gung.
32. Purwakandha Sang Prabu Pirngadi,
 ingkang sami bodhol,
 sami ujung marang wong tuwane,
 lajeng gumuruh swaraning dasih,
 agung kang prajurit,
 lami asmara kung.

XLVII. PRABU SEMAKUN MAKILI WONG AGUNG NGLURUG NGAMBARKUSTUP

ASMARADANA

1. Wus lepas ingkang lumaris,
 Sang Prabu Arismunandar,
 Rajeng Talsiyah sarengé,
 miwah Prabu Purwakandha,
 ing marga tan winarna,
 narendra katiga rawuh,
 ing nagrine sowang-sowang.
2. Angirid bala Betarti,
 kalih kethi kawan leksa,
 ulubalang Raja Gender,
 pangirid bala Talsiyah,
 patang kethi sadaya,
 pianjur Raja Kalbeskul,
 pangirid ing Purwakandha.
3. Raja Kuskehel prajurit,

patang kethi pitung leksa,
lajeng babahak lampaha,
ing wuri nagri Kuparman,
wus samakta kang bala,
sadaya sami angujung,
mring rama ibu sadaya.

4. Marang eyang prameswari,
Medayin ing sawusira,
mijil saking jro kadhaton,
lajeng budhale sadaya,
anglir samodra bena,
pangarsa Prabu Semakun,
ngirid para raja putra.
5. Ing wuri Sang Rustamaji,
nulya Sang Rajeng Karsinah,
sawadya para ratune,
Prabu Parangakik wuntat,
sawadya para nata,
Kasimkuwari sumundhul,
Asimkatamsi ing wuntat.
6. Ing marga datan winarni,
yata wau sampun prapta,
jajahaning Talsiyahe,
punggawa bumi tur marga,
ngirid anjog jajahan,
anjujur mring Ngambarkustup,
kang baris ageng anggepak.
7. Sanga Prabu ing Betarti,
Talsiyah ing Purwakandha,
miyarsa sareng budhale,
nusul senapatinira,
sang Prabu ing Gumiwang,
baris ageng wus kasusul,
aneng nagri Bayidan.

8. Puniku tampinganeki,
Ngambarkustup wus kaidak,
bala Kuparman praptane,
Bayidan Raja Mintaha,
sabala methuk ing prang,
kadya kakalen anempuh,
ing bangawan banjir bandhang.
9. Keles kaidak ing jurit,
lumajar Raja Mintaha,
atur uninga praptane,
mring Apatih Barikahar,
puniku patih kadang,
dening Prabu Ngambarkustup,
sang Nata duk siniwaka.
10. Lan kang rama ing Medayin,
sampun aneng panangkilan,
aglar ratu punggawane,
satriya lan ulubalang,
kasaru praptanira,
Raja Mintaha agupuh,
njug Patih Barikahar.
11. Tur uninga mengsah prapti,
saking ing wetan wus lama,
wong Betarti kang anyorok,
wong Talsiyah Purwakandha,
mboten kadamel rasa,
ing wuri pan kadi ladhu,
ngebroki nagri Bayidan.
12. Kyana Patih eca linggih,
kalawan Ki Patih Bestak,
Urmus lan Irman jajare,
praptane Raja Mintaha,
majeng rekyana patya,

tur sembah inggih pukulun,
wonten mengsah ageng prapta.

13. Pun Raja Mintaha prapti,
nagrine kancikan mengsah,
tanpa wilangan balane,
kathah ingkang para raja,
sami putra Kuparman,
satunggal putra Medayun,
senapati ing ngayuda.
14. Dene ingkang anindhihi,
kaponakane sadaya,
sami raja gedhe-gedhe,
Raja Semakun Gumiwang,
Parangakik nagara,
Jayusman Murijalsamsu,
dene Sang Rajeng Karsinah.
15. Ruslani Danurussamsi,
sami prawira ngayuda,
tanpa wilangan balane,
sami raja sugih bala,
prajurite ayutan,
pangeran kang tuhu bagus,
Amir atmaja ing Kelan.
16. Balane para narpati,
santanane saking Kelan,
sami prajurit kinaot,
telik kawula tetela,
awrat mengsah punika,
wong Kuparman yen anglurug,
yen para putra kewala.
17. Awrate linawan jurit,
tan adarbe palamatra,
mboten engah gigitike,

wantuning anem punika,
remen metokken gelar,
gelar kemat ing prang pupuh,
yen wonten sami kang rama.

18. Tan wonten purun cumuwit,
agelar pangapureng prang,
Raja Akbar pandangune,
sapa pangiriding lampah,
senapatining yuda,
Patih Barikahar matur,
Raja Semakun Gumiwang.
19. Putrane jalu wuragil,
dhateng rama jengandika,
Raja Bariakbar noleh,
mulat ing Prabu Nusirwan,
mila putra Paduka,
punika kang dadi mungsuh,
nauri Prabu Nusirwan.
20. Lah ta inggih kadipundi,
sanadyan punika anak,
pan inggih nedya marojol,
saking tembene pun bapa,
sumambung Patih Bestak,
duk wonten Purwakandheku,
brangta mring putri Gumiwang.
21. Putreng Raja Karungrawi,
rama Paduka Sang Nata,
mboten nuruti sedyane,
dening satengahing aprang,
puniku nunten kesah,
mbekta mung wong pitungpuluh,
suwita Sultan Kuparman.
22. Panangise den turuti,

brangtane Putri Gumiwang,
Wong Agung Menak dutane,
amundhut Putri Gumiwang,
sami sadalu kena,
kang rama Gumiwang sampun,
ing yudane pinejahan.

23. Putrine Dewi Rukyati,
binekta mring baris Arab,
pan lajeng pinanggihake,
milanipun mboten ketang,
anut agama sasar,
angger Rahaden Semakun,
masuk agama urakan.
24. Pasthi eklas maring pati,
nadhahi bilai siksa,
den oprak-oprak nyawane,
amung tut wuri ing kadhal,
kabeh nyawaning Islam,
lan amor nyawaning kuwuk,
beda lan nyawaning kopar.
25. Anjujug sawarga sami,
ing bale jumerut pelag,
lajeng alungguh mathentheng,
wong Islam mangsa kenia,
langkung celak sawarga,
pasthi den oyahken asu,
dening widadari kathah.
26. Gumer kang sami miyarsi,
ing ature Patih Bestak,
ngluputaken ing tekade,
Semakun purune Islam,
tan etang mati sasar,
mung mburu dunya nakedhul,
panggih lan Putri Gumiwang.

27. Lajeng kinarya narpati,
ngebroki nagri Gumiwang,
Raja Semakun ing mangke,
sok ajeng berek kang rama,
duk aprang Purwakandha,
sampuna enggal lumayu,
kang rama meh tinalempak.
28. Raja Akbar duk miyarsi,
ing ature Patih Bestak,
sakala ical ciptane,
bisane Ki Patih Bestak,
marapet ing arenggang,
ical sangga rungginipun,
anglabuhi mring kang rama.
29. Kasaru punggawa prapti,
sakawan beberundhulan,
saking Medayin praptane,
numpal keli praptanira,
anjujuk Patih Bestak,
lajeng sinaosken ngayun,
ature Ki Patih Bestak.
30. Katiwasan Sri Bupati,
Bupati kang tengga praja,
sami angedan praptane,
nagri Medayin jinarah,
bupatine sadaya,
dhateng Sang Prabu Semakun,
pinala lajeng binanda.
31. Risak nagari Medayin,
jro pura isine telas,
ibune sampun binoyong,
binekta dhateng Kuparman,
pawongan kabeh lapgang,

dene Sang Prabu Semakun,
muwuhi warta Ki Bestak.

32. Sakathahe pra dipati,
dthomas binanda sadaya,
mung kawanatus wartine,
binekta dhateng Kuparman,
kawanatus tinilar,
inggih tengahing wana gung,
sami den uger lan wreksa.
33. Sarwi pangucape bengis,
Raja Semakun Gumiwang,
payo kon ngrebut den age,
ratumu si dhawuk jawal,
besuk yen nora teka,
sak nggone pasthi sun jujuk,
gawe jajalan talempak.
34. Andongong Prabu Medayin,
ngucap maring Raja Akbar,
aduh pun Bapa wurung wong,
rinusak-rusak ing anak,
yen ta mboten enggala,
pitulunge anak prabu,
kaburak den urak-urak.
35. Raja Bariakbar angling,
Rama Prabu sampun susah,
kula kang amulihake,
sakathahing karisakan,
kalawan kalingseman,
kula walese ing besuk,
siasat pangewan-ewan.
36. Maksih sakceca tinangkil,
wonten dasih tur uninga,
duta raja ing praptane,

lan jaran tan mawi dharat,
turangga tigang leksa,
dutane Prabu Semakun,
amandhi tunggul panantang.

37. Dutane ratu pra sami,
ratu wadya Purwakandha,
kang nama Raja Kuskehel,
satunggil bala Talsiyah,
ratu kang pipilihan,
kang bisikan Raja Beskul,
sami ratu gagah ing prang.
38. Rekyana Patih tinuding,
methuk caraka kang prapta,
andhegen njaba balane,
amunga nyatus kewala,
manjing ngiringken layang,
Patih Barikahar sampun,
nembah mesat lajeng medal.
39. Prapta saketheng wus panggih,
mring duta ingandheg njaba,
kang tigang leksa balane,
rongatus ingkang binekta,
lajeng mring panangkilan,
tumurun mring ngalun-alun,
caraka saking turangga.
40. Prapta ing ngarsanireki,
Raja Ngambarkustup mojar,
linggilha lan para katong,
kang kinen pra samya lenggah,
sira dutane sapa,
umatur ingkang anuduh,
Raja Semakun Gumiwang.
41. Inggang kinarya susulih,

ing raka Sultan Kuparman,
kula pun Raja Kuskehel,
turunan ing Purwakandha,
kalawan ing Talsiyah,
pun adhi Sang Raja Beskul,
kakalih surat punika.

42. Pinundhut surate aglis,
dening Patih Barikahar,
lajeng katur ing Sang Katong,
ngalamat pan tiningalan,
siji marang Nusirwan,
siji Ratu Ngambarkustup,
binuka bubukeng wuntat.

XLVIII. PRABU NUSIRWAN DIPUN KEKAHI DENING PRABU BARIAKBAR

PANGKUR

1. Penget iki layangingwang,
kang muryani Gumiwang Sri Bupati,
Sri Maha Prabu Semakun,
ingkang luwih santosa,
saking arah kuwatir sampun kapungkur,
tumindak ingarah wenang,
kang kinarya senapati.
2. Dening Wong Agung Kuparman,
ambawani sagung barisan iki,
atmajeng Nusirwan ingsun,
putune Sri Kobatsah,
pan kabuyut ing Prabu Sarehas tuhu
trahing ratu pinituwa,
binathara ing para ji,
3. Tekaa layang manira,

marang sira Bariakbar kang pasthi,
heh Sang Prabu Ngambarkustup,
wruhanta praptaningwang,
rama Prabu Nusirwan iku sun pundhut,
sun gawa marang Kuparman,
lamun sira angukuhi.

4. Kandelana kuthanira,
lan ameta sraya ratu prajurit,
ingkang prakosa dibyanung,
mandraguna ngayuda,
kang supaya kuwasa srayanireku,
anangga gredakaningwang,
ing asmara jayeng jurit.
5. Wus titi gantya amaca,
Sri Bupati Medayin maos tulis,
la ela mutadanipun,
tan winarna dangiyah,
kaatura sembah kawula pukulun,
putra tuwan ing Kuparman,
pirengga Surayengbumi.
6. Kawula atur uninga,
Kangjeng Ibu sampun dipun pondhongi,
ing yayi Prabu Semakun,
binekta mring Kuparman,
dene inggih lampaha yayi Semakun,
kula ken amondhongana,
ing Paduka Sri Bupati.
7. Medayin kalangkung risak,
suweng mamring saking Paduka lami,
katutuh ing lampahipun,
yayi Prabu Gumiwang,
salah tampi wong Medayin geger mawur,
sampun sepuh jeng paduka,
sampun kadi nguni-uni.

8. Musakat salira tuwan,
dene lamun Bariakbar ngukuhi,
Sang Prabu ing Ngambarkustup,
putra tuwan Gumiwang,
kang kula ken anggecek yayi Semakun,
ambanda si Bariakbar,
titi wirasaning tulis.
9. Sanga Prabu Bariakbar,
alon angling ing duta ratu kalih,
heh Raja Kuskehel Beskul,
matura gustinira,
ingsun nora ngaturi Rajeng Medayun,
sun aturi gawe apa,
tekane teka pribadi.
10. Anjaluk tulung maringwang,
ngungsi urip sanggup rep den pateni,
lah tarinen dhewe iku,
Raja Kuskehel sigra,
sami matur kalawan Sang Raja Beskul,
pukulun Ratu Nusirwan,
kula tinuduh ing Gusti.
11. Sri Nara Nata Gumiwang,
jeng paduka punika den pondhongi,
Wong Agung sampun asepuh,
mbok sampun kandhungsangan,
yen manggiha siya-siya datan arus,
tumungkul Prabu Nusirwan,
kendel datan anauri.
12. Raja Kuskehel lingira,
heh Ki Patih Bestak Sri Narapati,
tan arsa nauri wuwus,
sira dhewe ngucapa,
apa karsa apa ora sanga prabu,

sumaur Ki Patih Bestak,
karsa apane Sang Aji.

13. Jer iku weruh ing cipta,
nora yekti kang nuding ing sireki,
karsane Raja Semakun,
yen kang rama puruna,
pan cinekel ngaturaken bandan iku,
iya marang ingkang raka,
Wong Agung Surayengbumi.
14. Raja Kuskehel asugal,
sira iku tegese kang nglucubi,
tan ana kaya sireku,
njangkah kang ora-ora,
karanane Sang Prabu Nusirwan iku,
durung salamet satingkah,
pan ingsun nanggunga wani.
15. Mangsa kongkonana raja,
yen duwe kaya ujarmu iki,
sayekti putusan jagul,
kang nora bisa ngucap,
ngejugaken layang bae tegesipun,
milane akongkon raja,
mimilih para narpati.
16. Lan ingsun anggawa bala,
yen bakala kapondhong dening mami,
age sun utusan mantuk,
sayekti gustiningwang,
mapag dhewe iya Sang Prabu Semakun,
para putrane ginawa,
kang wus padha madeg Aji,
17. Maraki ya Patih Bestak,
angucapa paranta Sri Bupati,
kang pasthi ing karsanipun,

Bestak meneng kewala,
sira Raja Kuskehel angucap rengu,
sakala datan panonrat,
mudhun jog saking ing kursi.

18. Ki Patih Bestak cinandhak,
wangkingane tinarik wus katarik,
jinunjung ingikal muluk,
kadi amuter gada,
sanya eram sagung ingkang samya ndulu,
sawusnya ingikal-ikal,
sigra binanting ing siti.
19. Ki Patih Bestak kantaka,
sira Raja Kuskehel wangsul malih,
maring anggenira lungguh,
wong Medayin sadaya,
sami kekes tan wonten sami tutulung,
anake Bestak Baktiyar,
tumungkul marebes mili.
20. Patih Bestak satanginya,
galangsan durung bisa alinggih,
Raja Kuskehel umatur,
ing Raja Bariakbar,
tuwan wasanana kawula pukulun,
pun Bestak ambubrah tata,
ya tatane wong ngaurip.
21. Ratune tan arsa ngucap,
papatihe inggih sayekti keni,
rebut saenaking laku,
teka buteng kewala,
sru ngandika Sang Prabu ing Ngambarkustup,
heh Kuskehel bener sira,
padha tinuduh ing Gusti.
22. Sayekti amrih wangsulan,

apan ingsun durung kena mangsuli,
jer layang mangkono iki,
kang duwe awak ana,
mila sira matura marang Sang Prabu,
yen uwis pasthining karsa,
kono nggoningsun mangsuli.

23. Tumungkul Prabu Nusirwan,
Patih Bestak maksih gumuling siti,
tan ana kang wani njupuk,
dene Sang Raja Akbar,
mbeneraken Kuskehel pratingkahipun,
tegesi Ki Patih Bestak,
makewuh sikara budi.
24. Angling Raja Bariakbar,
heh ta paran sang Prabu Nyakrawati,
karsa tuwan kang satuhu,
punapa tumut tuwan,
pinondhongan dhateng Sang Prabu Semakun,
Sri Bupati ing Gumiwang,
Nusirwan noli ing wuri.
25. Marang sagung para nata,
ing Medayin nauri denira ngling,
mring Sang Prabu Ngambarkustup,
punika rama tuwan,
ing batose ajrih puniku pukulun,
dhateng Sang Rajeng Gumiwang,
nadyan putrane sayekti.
26. Jer inggih sampun kantenan,
kolunipun ingkang rama mejahi,
duk Pululkiyah rumuhun,
inggih rama Paduka,
meh kacandhak kabereg tan wonten purun,
sagung prajurit Kuparman,
mitambuhi den liwati.

27. Dupi baris samya mingkar,
tinakonon barise sapa iki,
aketel nora tinempuh,
ature pan punika,
celak nggene rama tuwan sanga prabu,
Prabu Semakun miyarsa,
yen nggene ramanireki.
28. Sigra anyandhak gandhewa,
nyandhak langkap sarwi nregaken baris,
lingira Prabu Semakun,
tunjangan nggoning rama,
lan ideken ilesen walate ingsun,
wong tuwa nora prayoga,
patenana aja wigih.
29. Inggang raka kalih pisan,
yen sampuna rikat palajengneki,
Raden Irman lawan Urmus,
ginacar ing talempak,
sajatine amopo rama sang Prabu,
binatin amung Paduka,
yogya ngekahana pati.
30. Sanga Prabu Bariakbar,
matur marang Sang Prabu ing Medayin,
punapi inggih pukulun,
kadi turing punggawa,
saur peksi ngandika Prabu Medayun,
Anak Prabu sinten welas,
anak sami ngarah pati.
31. Angling Raja Bariakbar,
dipun pesthi kula yekti ngekahi,
ajura ing Ngambarkustup,
mangsa inggih gingganga,
nenggih wajib tutulung samaning ratu,

nanging den sami pasaja,
sampun ta kadi pun patih.

32. Bestak langkung kamandaka,
aniwasi kanggeya kang para ji,
yen ratu alampah dudu,
yekti yen ngrusak awak,
mboten purun anglabuhi lara lampus,
heh raja Kuskehel sira,
matura Gustinireki.
33. Yen mengko wus sida aprang,
sun kukuhi Prabu Anyakrawati,
ya ingsun sakarep iku,
karsane ratunira,
wus muliha nora susah angsul-angsul,
Raja Kuskehel pamitan,
mundur ing ngarsanireki.
34. Patih Bestak ginotongan,
mring anake Baktiyar gawa mulih,
marang ing pakuwonipun,
praptane tinagisan,
mari denya kantaka tatanya wau,
kapriye ing panangkilan,
dene ngong ginawa mulih.
35. Baktiyar alon turira,
mboten wonten inggih dados prakawis,
Sang Prabu ing Ngambarkustup,
angleresaken duta,
mung Paduka tinetepken luputipun,
Patih Bestak amiyarsa,
nangis sarta lara malih.
36. Baktiyar malih turira,
ing ngayuda inggih para sampun pasthi,
dados ing pamoponipun,

sanga prabu tan arsa,
pinondhongan ing putra Prabu Semakun,
mati uripa kalawan,
ing Ngambarkustup Sang Aji.

37. Raja Kuskehel punika,
pan ingkang sabab purun ngawaki,
ngepruk wong nedya bibingung,
ing laku kamandaka,
pan paduka dajalanat setan gundhul,
tinetepaken tan owah,
lamun susukering bumi.
38. Patih Bestak megap-megap,
aduh biyung pajene awak mami,
teka ngabar nora payu,
apa jarajat sirna,
karya paran budinira iki kulup,
Baktiyar alon turira,
kula nom mboten udani.

XLIX. PRAJURIT KUPARMAN AJENG-AJENGAN KALIYAN PRAJURIT NGAMBARKUSTUP

SINOM

1. Pamuwuse mangap-mangap,
yen kretaa jagat iki,
sira tan dadi manusa,
yekti malaur kang becik,
ingkang rahayu budi,
pasthi sira nora payu,
wong nora wani aprang,
yen ora lumaku drengki,
yekti cupet kulup sandhang panganira.

2. Yen ratumu atut lawan,
Wong Agung Surayengbumi,
kulup sira dadi apa,
mangsa sinisil terasi,
sayekti Sri Bupati,
wong Ngarab kang pinilaur,
padha prawireng yuda,
salamet rahayu budi,
lamun nora jail pan sira kaponthal.
3. Kuneng Kyana Patih Bestak,
kang mumuruk masiyati,
ing putra Raden Baktiyar,
yata kawuwusa malih,
Raja Kuskehel prapti,
pakuwon Prabu Semakun,
wana nagri Bayidan,
kumpulan sagung para ji.
abojana lawan kang putra sadaya.
4. Jayusman Samsumurijal,
Narendra ing Parangakik,
munggeng ngarsane kang paman,
Ruslani Danurussamsi,
Karsinah Sri Bupati,
lan Rustamaji neng ngayun,
Prabu Arismunandar,
Sri Nara Nateng Betarti,
Pangeran ing Kelan lan ari kalihnya.
5. Asimkatamsi kalawan,
Rahaden Ambyahkatamsi,
Sri Narendra Purwakandha,
sira Sang Prabu Pirngadi,
Talsiyah Banuarli,
tuwin para raja sunu,
Kaharkusmen Yujana,

ing Kangkan Raden Dikwanis,
putra Kebar sira Rahaden Suptandar.

6. Ing Turki Samardikaran,
Raden Kiswarin Diswarin,
atmaja Iskal Iskalan,
Raden Warindiya Bangit,
miwah putra Ngabesi,
Raden Kodrat Samadikun,
lan Raden Umarjaman,
Umardani Umarsandi,
apa dene ratu kang manggalani prang.
7. Sadaya kapareng ngarsa,
lan bala ing Parangakik,
kulup Kalbujer narendra,
Kalkiyah Raja Dukyadis,
ing Ngusur Sri Bupati,
sira Sang Raja Dukyanus,
jejer denira lenggah,
kang tengen Patih Bunandir,
apa dene kang para ratu santana.
8. Ing Parangakik akathah,
nak sanake ibuneki,
manggala ratu Karsinah,
Sang Raja Prejug lan Srenggi,
lawan Sang Rajeng Drenis,
Saptiyunasar neng ngayun,
manggala Ratu Kelan,
Maliyatkustur Kubarsi,
Wrahatkustur ipene Pangeran Kelan.
9. Tuwin kang ratu santana,
kathah nagri Kaelani,
arame ing panayuban,
laruh mider wanti-wanti,
janewer lan oarduin,

kenit api adas anggur,
gumuruh ingkang senggak,
ngiras gunem ing ngajurit,
angandika Raja Semakun Gumiwang.

10. Heh anak Prabu sadaya,
yèn eyang dika puniki,
upama binektakena,
lawan boten eca pundi,
matur kang putra sami,
sumanggeng Paman Sang Prabu,
Semakun malih mojar,
yèn agampang wurung jurit,
lamun angel yekti sida bandayuda.
11. Tegese ancur angela,
pinrih sidaning ngajurit,
semune ciptane samya,
anak-anak sadayeki,
kemba wurung ngajurit,
putu Kodrat Samadikun,
puniku karoncalan,
lan anak Kaharkusmeni,
ing Yujana wong loro semune padha.
12. Lagya eca angandika,
Raja Kuskehel duk prapti,
manjing jroning pasamuhan,
katur tingkahe tinuding,
miwiti amekasi,
pan sasolahira katur,
kalamun kinekahan,
rama paduka Sang Aji,
methuk ing prang sira Raja Bariakbar,
13. Lajeng tumut ambojana,
Kuskehel lan Beskul sami,
Raja Semakun parentah,

enjing den samekta sami,
kikirab marepeki,
marang kitha Ngambarkustup,
anak Prabu Talsiyah,
si anak Mutadarawi,
dhinginana ngupaya arebut papan.

14. Kalih umatur sandika,
ing dalu datan kawarni,
enjing atengara budhal,
sagung kang para narpati,
kang sampun andhingini,
lan sadaya para ratu
Prabu Pirngadi lawan,
ing Talsiyah Banuarli,
kadya alun gumulung prajuritira.
15. Ing marga datan kawarna,
prapteng desa ing Bidari,
bandar ageng pamapagan,
bangawan ageng ing keru,
jembar rata ing keru,
prayoga papan prang pupuh,
akarya pasanggrahan,
wau Sang Narendra kalih,
sampun dadya respati jembar polatan.
16. Sedheng dohe lan jro kitha,
para ratu wuri prapti,
balane kadya hernawa,
geger busekan wong ngili,
turangga akeh prapti,
pacalang kadi susulung,
pratela masanggrahan,
wonten dhusun ing Bidari,
sampun katur dhateng Prabu Bariakbar.
17. Sampun angundhangi bala,

prajurit para narpati,
sami samekta ngayuda,
budhal saking kitha mijil,
kadi sela blekithi,
prajurit ing Ngambarkustup,
prapteng jawi met papan.
saos pasanggrahan dadi,
wus makuwon jawi Raja Bariakbar.

18. Kalawan Prabu Nusirwan,
nedya njenengi ngajurit,
wus rakit pakuwon samya,
abojana lan prajurit,
ing dalu tan kawarni,
enjing tenggara gumuruh,
kendhang gong asauran,
myang teteg gurnang thongthongrit,
awurahan atata baris samekta.
19. Baris Kuparman wus medal,
met papan tata kang baris,
mbalabar kadya wanarga,
mungsurowang sami mijil,
kapang tepung kang baris,
prajurit ing Ngambarkustup,
Sang Raja Bariakbar,
lenggah ing palangka rukmi,
wus ambanjeng prajurit kang para raja.
20. Raja Semakun Gumiwang,
munggeng padmasana rukmi,
sagung para raja putra,
atarap aneng ing kursi,
Sang Prabu Parangakik,
neng ngamparan manten murub,
miwah Nateng Karsinah,

munggeng dirgasana rukmi,
Sultan Anom Rustamaji neng dhampar mas.

21. Pangeran Jaswadi putra,
neng wijohan palowani,
Kasimkuwari ajajar,
lan ari Kasimkatamsi,
sagung kang manggala ji.
tuwin para raja sunu,
aglar saos ing aprang,
wawas winawas kang baris,
ngatag marang prajurit sang raja Akbar.
22. Mangsah andeling ngayuda,
njenggarang anitih esthi,
kawot kapraboning aprang,
melak dipangga Sang Aji,
prapta neng papan aglis,
susumbar anguwuh mungsuh,
payo prajurit Arab,
papagena tandang mami,
arok banda rebut reh ywa mundur ing prang.

Lajeng nyandhak: MENAK KUSTUP.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

MIENAK PURWAKANDHA 3

R. Ng. Yasadipura I

Perpustakaan
Jenderal Ke-

899.
YAS
m